**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика кафедрасы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

## Тема: «Дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириўдиң процессуал әҳмийети»

**Орынлаған:** **Бисенова Альфия**
тарийх-ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **И.А.Матжанов**
«Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика» кафедрасы доценти ў.а., юридика илимлериниң кандидаты

Питкериў қәнигелик жумысы кафедрада алдын ала қорғаўдан өтти.
(2014 жыл _ _____ _- санлы баяннамасы)
Кафедра баслығы____________ С.Ш.Утемуратова

**Нөкис-2014.**

**РЕЖЕСИ……………………………………………………………………2**

**КИРИСИЎ………………………………………………………………..3**

**I-БАП. ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ СУД БАҚЛАЎЫ СУД ҲӘКИМИЯТЫ ҒӘРЕЗСИЗЛИГИН ТӘМИЙИНЛЕЎДИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ШАРАСЫ СЫПАТЫНДА……………………………………………………………10**

1.1. Суд ҳәкимияты ғәрезсизлигин тәмийинлеўде суд-ҳуқық реформаларының тутқан орны……………………………………………10

1.2. Суд бақлаўы ҳәм оны әмелге асырыў, мазмуны және әҳмийети………...14

1.3. Жынаят процессинде тергеў ҳәрекетлери ҳәм суд бақлаўы……………..19

1.4. Дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы ҳәм суд бақлаўының өз-ара ҳуқықый қатнасы ……………………………………………………………..33

Биринши бап бойынша жуўмақлаў……………………………………..37

**II-БАП. ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ СУД БАҚЛАЎЫН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ ҲӘМ ОНЫ ЖЕТИЛИСТИРИЎДИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ӘҲМИЙЕТИ ……………………………………………………………41**

2.1. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў тәртиби……………………………………………………………………41

2.2. Дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириўдиң процессуал әҳмийети……………………………………………………………………53

Екинши бап бойынша жуўмақлаў……………………………………………60

**ЖУЎМАҚЛАЎ…………………………………………………………63**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ………………………...70**

## Кирисиў

**Теманың актуаллығы**. Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекет дүзиў жолын таңлады. Бул мақсетке ерисиў ушын мәмлекетимиз Парламенти ҳәм Журтбасымыз тәрепинен кең көлемли ислер әмелге асырылмақта. Елимизде жасайтуғын барлық инсанлар ушын, миллети, тили ҳәм дининиң, қандай екенлигинен парқы болмаған ҳалда, мүнәсип турмыслық шараят жаратып бериў, раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги сыяқлы турмыс дәрежесин ҳәр еркинликлеринен парқы болмаған ҳалда, мүнәсип турмыслық шараят жаратып бериў, раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги сыяқлы турмыс дәрежесин ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мәмлекетимиз сиясатының мазмунын белгилейди.[1] Ғәрезсизлик – бул уллы мақсет, бүгинги күнимиз ҳәм келешегимиз кепили. Бул орында айрықша атап көрсетиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» атлы мийнетинен мәмлекетимиздиң уллы келешеги ушын ғәрезликтиң қаншелли дәрежеде зәрүрлиги, мәмлекетимиз ғәрезсизлигине ерисиў ушын қаншадан-қанша машақатлы мийнетлердиң исленгенлигин ҳәм ғәрезсизликтиң аңсатлық пенен қолға киргизилмегенлигин аңлаўға болады.[2] Сондай-ақ, айрықша атап өтиўимиз лазым, ғәрезсизлик шарапаты себепли мәмлекетимизде экономикалық өсиў дәрежеси жоқарылап бармақта ҳәм бул жағдай халықаралық кең жәмийетшилик тәрепинен тән алынбақта.[3]

Мәмлекетимиздиң ҳуқуқий ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы ҳуқықый кепили, бул – Өзбекстан Республикасы Конституциясы есапланады. Конституциямыз тийкарында қойылған талап ҳәм қағыйдаларға толық тән болған экономикалық раўажланыў моделимиз тийкарында алып

---

[1] Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер. – Н□кис: Қарақалпақстан, 2001. – Б. 24.
[2] Каримов И.А. □збекистон мустақилликка эришиш остонасида. – Т.: □збекистон, 2011. – Б. 3-32.
[3] Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: □збекистон, 2012. – Б. 5.

баралып атырған реформалардың қаншелли туўры екенлигин ҳәзирде өмирдиң өзи дәлиллемекте[1].

Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң ҳақлы рәўиште дунья жүзине «Өзбек модули» деп аты таралған раўажланыўдың басқышпа-басқыш, ҳәр қыйлы экономикалық секириўлерден жат болған эволюцион раўажланыў жолын таңлады. Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»[2] атамасындағы баянаты ҳәм оннан келип шығатуғын ўазыйпалар басқышпа-басқыш раўажланыўдың даўамы болып, мәмлекетимиздиң ҳуқықый тараўының жетилисиўинде үлкен бир қәдем болды. Журтбасымыздың бул баянаты елимизде келешекте мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыўын және де демократияластырыў, суд-ҳуқық системасын реформалаў, мәлимлеме тараўын реформалаў, мәлимлеме алыў ҳәм сөз еркинлигин тәмийинлеў, Өзбекстанда сайлаў ҳуқықы еркинлигин тәмийинлеў ҳәм сайлаў нызамшылығын раўажландырыў, пуқаралық жәмийети институтларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў, демократиялық базар реформаларын ҳәм экономиканы либералластырыўды және де тереңлестириўге бағдарланған.

Мәмлекетимиз басшысы өз баянатында ҳәзирги заман ҳуқық тизиминдеги бирқатар айрықша мәселелер бойынша өзиниң мазмунлы пикирлерин билдирип өтти. Журтбасымыз елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары бир жерде турып қалмаўы тийис ҳәм қолға

---

[1] Каримов И.А. Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў-жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы // Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 21 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты / 2013-жыл 6 декабрь. – Т.: Ўзбекистон, 2013.

[2] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

киргизилген жеңислер менен кепилленип қалмастан, суд-ҳуқық реформаларын және де тереңлестириў лазым екенлигине итибар қаратты.

Ҳақыйқатында да, нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаў ҳәзирги дәўирде мәмлекетимиз сиясатының негизги бағдарын қурайды. өз гезегинде, суд ҳәкимияты болса инсан ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаўшы тийкарғы орган болып, оның ҳуқықый статусын жетилистириў ҳәзирде үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, суд – бул әдил судлаўды әмелге асырыўшы ең тийкарғы мәмлекетлик уйымлардан бири болып табылады ҳәм мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының баслы бағдары суд системасын жетилистириў болып табылады.

Суд бақлаўы – улыўма юрисдикция судларында әдил судлаўды әмелге асырыўдың айырықша ҳәм ғәрезсиз түсге ийе тараўы болып табылады. Суд ис-хызметиниң өзине тән тараўы сыпатында, суд бақлаўы узақ ўақыт даўамында тек ғана пуқаралық судлаў ислерин жүритиўдиң предмети болып есапланған. Лекин, ҳәзирде суд бақлаўы институты жынаят процессинде ҳәзирги дәўирге шекем тартыслы мәселелерге ийе есапланып, еледе терең изертлениўди ҳәм жетилистириўди талап етеди. Бул болса, өз гезегинде, илимий жумыстың ҳәзирги заман жынаят-процессуал илиминде әҳмийетли мәселе екенлигин билдиреди.

**Теманың үйренилгенлик дәрежеси.** Жынаят-процессуал ҳуқық тараўында суд бақлаўы мәселелери мәмлекетимиздиң ҳәм сырт еллердиң бирқатар илимпазлары тәрепинен үйренилип шығылған. Жынаят-процессуал ҳуқықында суд бақлаўының әҳмийетли тәреплери мәмлекетимиздиң юрист-илимпазлары есапланған: Ғ.Абдумажидов, Ғ.М.Абдусаломов, Б.Т.Акрамходжаев, З.Ф.Иноғомжонова, Г.З.Тулаганова, У.Тухташева Ғ.Шодиев ҳәм басқалар тәрепинен үйренилип шығылған[1].

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009; Жиноят процесси (умумий қисм): юридик институт ва факультетлари

Мәмекетимизде суд бақлаӯы, оның ҳуқықый тийкарлары ҳәм өзине тән қәсийетлерин кең көлемде үйренип шыққан алым проф. З.Ф.Иноғомжонова ҳәм Ғ.Шодиевлар болып табылады. Бул алымлардың илимий ислеринде жынаят процессинде суд бақлаӯын әмелге асырыӯ ҳәм оны жетилистириӯ бойынша илимий жақтан тийкарланған пикир ҳәм усынислар келтирип өтилген.

Жынаят процессинде суд бақлаӯы мәселесине сырт ел алымлары есапланған В. Джатиев, О. Изотова, В.П. Кашепов, Н.А. Колоколов, М.М. Селезнев, А.В. Солодилов, Г.П. Химичева, С. Пашин ҳәм басқалар өз итибарларын қаратқан[1].

Жоқарыда көрсетип өтилген алымлардын мийнетлеринде суд бақлаӯы ҳаққында баҳалы илимий пикирлер билдирилген. Олардың көпшилиги суд бақлаӯының барлық көриниси суд алдында турган анық ӯазыйпаларды шешиӯ менен байланыслыдур, ҳәм, оларды әмелге асырыӯға болған талап суд бақлаӯын еледе жетилистириӯди талап етеди; буннан келип шығып

---

талабалари учун дарслик (Иноғомжонова З.Ф.нинг умумий тахрири остида.).-Т.:ТДЮИ,2008; Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н. Шикоят жиноят процессига суд назоратининг кирип келишининг воситаси сифатида // «□збекистон Республикаси Конституцияси жиноят-процессуал қонунининг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Тошкент, ТДЮИ, 2009. – Б.5; Тарихов К. □збекстан Республикасында суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм олардың әҳмийети // «Пуқаралық жәмийет қурыӯда демократиялық реформаларды тереңлестириӯ ҳәм раӯажландырыӯдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Н□кис: ҚМУ, 2011. – Б. 41; Шодиев Ғ. Суд назорати ва уни амалга ошириш шакллари, мазмуни ва моҳияти // ТДЮИ Ахборотномаси. – Тошкент, 2008. 4-сон. – Б. 78-79; Дониёров М.А. Фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар (қарорлар) устидан берилган ариза ва шикоятларни судда кўришнинг процессуал ҳусусиятлари.-Т.: “NIHOL”,2007; Тулаганова Г.З. Тергов ҳаракатлари ва мажбурлов // Ж. Адвокат. 2007. 2-сон. – Б. 14-17; Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79; ҳ.т.б.

[1] Кашепов В.П. Институт судебной защиты прав и свобод граждан и средства ее реализации // Государство и право. 1998. №2. – Б. 66-71.; Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действии и решениями прокурора и органов расследования, ограничивающими конституционные прав и свобод граждан в уголовном процессе России // Дисс… канд… юрид… наук. по спец.: 12.00.09. – М.: 1998. – Б. 25.; Химичева Г.П. Концептуальные основы процессульного контроля и надзора на досудебных стадиях уголовного судопроизводства. – М.: ЮНИТИ-ДАНА. Закон и право. 2004. – 210 с.; Колоколов Н.А. Судебный контроль в стадии предварительного расследования: реальность и перспективы. // Государство и право. 1998. №3. –Б. 31-39; Пашин С. Практика обжалований в суд ареста // Законность. 1994. -№7. – Б. 40.; Изотова О. Обжалование в суд следственных действий // Законность. 1996. -№8. –Б. 46.; Селезнев М.М. Процессуальные вопросы судебной проверки законности и обоснованности арестов // Законность. -1993. -№7. –Б. 42-44.; Джатиев В. Подсудность дел о правонарушениях в досудебных стадиях уголовного процесса // Российская юстиция. 2000. №8. – Б.22; ҳ.т.б.

айтыў мүмкин, суд бақлаўы тәреплер ортасындағы тартысларды нызамлы, әдәлатлы ҳәм тийкарлы шешиўде айрықша орын ийелейди, деген пикирлерди билдирип өтеди.

Анаў яки мынаў түрдеги суд бақлаўының тийкарғы мақсети, бул шахсты оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, мәмлекетте нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртипти беккемлеўге хызмет қылады. Яғный ҳәм әдил судлаў ҳәм бақлаў ис-хызметиниң тийкарғы бағдары бул ҳуқықты қорғаў функциясы болып саналады.

**Питкериў қәнигелик жумысының мақсети**. Жынаят процессинде әдиллик ҳәм нызамлылық баслы мақсетлерден саналады. Бул мақсетлерге ерисиў жолында ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлери, солардың ишинде сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд тәрепинен жынаят ислерин жүргизиў дәўиринде жынаят-процессуал нызамшылық талапларына толық бойсыныўы, сондай-ақ шахс ҳуқық ҳәм еркинликлерин сақлаўы лазым. Белгили болғанындай, дәслепки тергеўде инсанлардың ҳуқық ҳәм жеке мәплерин тәмийинлеў жынаят-процессуал нызамшылығының орайлық мәселелеринен бири болып саналады. Суд ҳәкимияты болса жынаят процессинде инсан ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаўда бирқатар унамлы нәтийжелерге ериспекте. Сол тийкарда, питкериў қәнигелик жумысының мақсети дәслепки тергеўде суд ҳәкимиятының орнын, суд баклаўының әҳмийетин ҳәм оны жетилистириў мәселелерин илимий тәрептен талқылаў болып табылады. Бул мәселе, өз гезегинде, илимий истиң бас бағдарын таңлап алыўыма тийкар болды.

Питкериў қәнигелик жумысының мақсетине муўапық, төмендегише **ўазыйпалар** қойылады:

- дәслепки тергеўде суд бақлаўының әҳмийетин ҳәм ўазыйпасын үйренип шығыў;

- дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы ҳәм суд бақлаўының өз-ара ҳуқықый қатнасын талқылаў;

- дәслепки тергеўде суд бақлаўының жетилистирилиўине хызмет етиўши теориялық көз-карасларды билдириў;

- дәслепки тергеўде суд бақлаўын ретлестириўши ҳуқықый-норматив ҳүжжетлерди үйренип шығыў;

- пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў тәртибин илимий жақтан талқылаў;

- «тергеў ҳәрекетлери» атамасына болған ҳәрқыйлы көз-карасларды жәмлеў ҳәм оның жаңаша түсинигин тийкарлап бериў;

- «суд бақлаўы» атамасының түсинигин тийкарлап бериў;

- дәслепки тергеўде суд бақлаўын әмелге асырыўда суд ўәкилликлерин жетилистириў бойынша әмелдеги Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекси нормаларына өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында усыныслар келтириў ҳәм оларды илимий тикарлаў.

**Питкериў қәнигелик жумысының предмети** жынаят процессиниң ең тийкарғы басқышларынын бири есапланған дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўын әмелге асырыў механизми, суд бақлаўын әмелге асырыўдың процессуал тийкарлары ҳәм дәслепки тергеў дәўиринде суд рухсаты арқалы әмелге асырылатуғын тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда келип шығатуғын процессуал-ҳуқықый қатнасықлар болып есапланады.

**Питкериў қәнигелик жумысының теориялық тийкарлары.** Питкериў қәнигелик жумысы Өзбекстан Республикасы Президентиниң мийнетлерине, Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексине, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексине, әмелдеги нызамшылыққа ҳәм темаға тийисли болған арнаўлы әдебиятларға тийкарланған ҳалда исленди.

**Питкериў қәнигелик жумысының дүзилиси.** Питкериў қәнигелик жумысы кирисиўден, еки баптан ҳәм жуўмақлаў бөлиминен ибарат.

Кирисиў бөлиминде илимий истиң актуаллығы, илимий изертленгенлик дәрежеси, истиң мақсет ҳәм ўазыйпалары келтирип өтиледи.

Биринши бап дәслепки тергеўде суд бақлаўы суд ҳәкимияты ғәрезсизлигин тәмийинлеўдиң ҳуқықый шарасына бағышланған болып, онда суд ҳәкимияты ғәрезсизлигин тәмийинлеўде суд-ҳуқық реформаларының тутқан орны, суд бақлаўын ҳәм оны әмелге асырыў, мазмуны және әҳмийети, жынаят процессинде тергеў ҳәрекетлери ҳәм суд бақлаўы, сондай-ақ дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы ҳәм суд бақлаўының өз-ара ҳуқықый қатнасы үйренилип шығылады.

Екинши бап дәслепки тергеўде суд бақлаўын әмелге асырыў ҳәм оны жетилистириўдиң ҳуқықый әҳмийетине қаратылып, бул бапта пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў тәртиби ҳәм дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириўдиң процессуал әҳмийети илимий талқыланады.

Жуўмақлаў бөлиминде илимий ис нәтийжеси тийкарында пикир ҳәм усынислар келтирип өтиледи.

# І-БАП. ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ СУД БАҚЛАЎЫ СУД ҲӘКИМИЯТЫ ҒӘРЕЗСИЗЛИГИН ТӘМИЙИНЛЕЎДИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ШАРАСЫ СЫПАТЫНДА

## 1.1. Суд ҳәкимияты ғәрезсизлигин тәмийинлеўде суд-ҳуқық реформаларының тутқан орны

Инсан ҳуқықларын қорғаў, соның ишинде инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлериниң судта қорғалыўын тәмийинлеў мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының әҳмийетли ўазыйпаларынан бири болып есапланады. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң VI сессиясында ислеген баянатында усындай деп атап өтти: «Бугин бизиң ҳуқықый доктринамыз толық жаңаша, демократиялық принциплерге тийкарланған. Ол, ең биринши, Өзбекстан Конституциясы талапларына көре инсан ҳуқықларының устинлигин тәмийинлейди»[1]. Демек, мәмлекетимизде инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинликлери жоқары дәрежеде қорғалмақта.

Суд-ҳуқық реформасы ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў процессиниң ажыралмас қурам бөлеги болып табылады, себеби бул тараўда реформа өткерместен мәмлекетте нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимият тармақлары менен тең, бийғәрез, күшли суд ҳәкимиятын жүзеге келтириў мүмкин емес[1].

Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен соң суд-ҳуқық саласында әмелге асырылып атырған бәрше реформаларды өзиниң мазмуны ҳәм суд системасына тәсир дәрежеси бойынша шәртли түрде 3 тийкарғы басқышқа ажыратып қараў мүмкин.

---

[1] Каримов И.А. Адолат - қонун устиворлигида // □збекистон Республикаси Президентининг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг II чақириқ VI сессиясидаги маърузаси. – Газ: Халқ сўзи. 2001 йил 30 август.

[1] Тарихов К. □збекстан Республикасында суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм олардың әҳмийети // «Пуқаралық жәмийет қурыўда демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Н□кис: ҚМУ, 2011. – Б. 41.

Биринши басқышта (1991-1999) суд-ҳуқық системасын реформа қылыўдың миллий стратегиясы белгилеп алынды ҳәм оның конституциялық-ҳуқықый тийкарлары жаратылды. Сондай-ақ, мәмлекет Тийкарғы Нызамы ҳәм бирқатар Кодекслер қабыл етилип, олар миллий ҳуқық системамыздың тийкарларын қәлиплестирип берди.

Екинши басқышта (2000-2004) мәмлекетимизде суд-ҳуқық системасын терең реформа қылыў ҳәм еркинлестириў бойынша жаңа концепция турмысқа енгизилди. Судларды қәнийгелестириў, жынайый жазаларды либералластырыў, әдил судлаў сыпатын асырыў, ислерди көриў мүддетин қысқартыў, пуқаралық ҳәм жынайый ислерди көрип шығыўдың апелляция тәртибин енгизиў, кассация тәртибин реформалаў, суд қарарларының орынланыўын тәмийинлеўди жетилистириўдиң ҳуқықый механизмлери жаратылды. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасы суд системасын жетилистириў ҳаққында»ғы ҳәм «Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларына усыныў бойынша Жоқары квалификациялық комиссиясын дүзиў ҳаққында»ғы пәрманы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Өзбекстан Республикасы улыўма юрисдикция судларының материаллық-техникалық тәмийнатын жақсылаў илажлары ҳаққында»ғы карары қабыл етилди.

Үшинши басқышта (2005 жылдан ҳәзирге шекем) суд-ҳуқық системасын реформалаў ҳәм және де еркинлестириўге қаратылған реформалардың приоритет бағдарларын әмелге асырыў Концепциясы тастыйықланып, бул концепцияны орынлаў барысында дәслеп 1-август 2005-жылы «Өзбекстан Республикасында өлим жазасын бийкар етиў ҳаққында»ғы, 08-август 2005-жылы «Қамаққа алықға санкция бериў ҳуқықын судларға өткериў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары қабыл етилди. 2007-жылы 11 июльда бул тараўдағы басқышпа-басқыш әмелге асырылып атырған реформалардың даўамы ретинде «Өлим жазасы бийкар етилиўи мүнәсебети менен Өзбекстан Республикасының айырым

нызам ҳүжжетлерине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы ҳәм «Қамаққа алыўға санкция бериў ҳуқықы судларға өткерилиўи мүнәсебети менен Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы нызамлар қабыл етилип, олар 2008-жыл 1-январьдан баслап күшке кирди. Нәтийжеде суд-ҳуқық системасын және де либералластырыў арқалы судлардың ҳақыйқый бийғәрезлиги ҳәм еркинлигин, инсанның жасаў ҳуқықы ҳәм басқа конституциялық ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, суд ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериниң жуўапкершилигин күшейтиўге қарай жедел қәдем тасланды[1].

Бугинги кунде Конституцияның 44-статьясына муўапық ҳәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекет органлары, лаўазымлы шахслар, жәмәәт бирлеспелериниң нызамсыз ис-ҳәрекетлери устинен судқа шағым етиў ҳуқықы кепилленеди.

Конституцияның усы қағыйдасы улыўма тән алынған халық аралық нормаларға туўры келеди. Бунда, Инсан ҳуқықлары Дунья жузилик Деклерациясының 8-статьясында айтылғанындай: «Ҳәр бир инсан оған конституция яки нызамлар усынған тийкарғы ҳуқықлары бузылған жағдайларда бундай ҳуқықлардың ўәкилликли миллий судлар тәрепинен нәтийжели қайта тиклениўин талап қылыў ҳуқықына ийе». Буннан тысқары, халық аралық нормалар мәмлекетлердиң «суд қорғаўында болыў имканиятларын раўажландырыў» барысындағы миннетин да атап көрсетеди (Пуқаралық ҳәм сиясий ҳуқықлар ҳаққындағы халықаралық Пакттың 2-статьясы)[1].

---

[1] Тарихов К. □збекстан Республикасында суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм олардың әҳмийети // «Пуқаралық жәмийет қурыўда демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Н□кис: ҚМУ, 2011. – Б. 41-43.

[1] Международные акты о правах человека. Сборник документов. -М., Изд. Группа Норма-Инфра. М., 1999. – Б. 40-54.

Суд қорғаўында болыў судқа мүрәжәәт етиў, шағым бериў, ана тилинен пайдаланыў ҳәм басқаларын өз ишине алады.

Инсан ҳуқықларын суд арқалы қорғаў машқаласына байланыслы дыққат-итибар путинлей тийкарлы. Ол яки бул органлар ҳәм лаўазымлы шахслардың ҳәр қандай нызамсыз қарары, ис-ҳәрекетлери яки ҳәрекетсизликлери устинен судқа хеш қандай тосқынлықсыз мурәжәәт етиў имканияты - уллы еркинликтиң ең әҳмийетли шәрти. Судқа шағым менен мурәжәәт етиў, бундай шағым менен ҳәкимшилик тәртипте мурәжәәт етиўге байланыслы бир қатар абзаллықларға ийе, себеби судта ис көриў қатаң қағыйдалар тийкарында болыўы нызам менен тәртипке салынған[1].

Инсан ҳуқықларын қорғаўды әмелге асыратуғын суд ҳәкимиятының қәлиплесиўи «Судлар ҳаққындағы» Нызамның қабыл етилиўи - Өзбекстан Республикасында суд реформасы дәслепки басқышларының мазмунын қурайды. Президентимиз И.А.Каримов 2010-жыл 12-ноябрь куни Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде ислеген «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» баянатында өткен дәўирлер ишинде Өзбекстанда «Пуқаралардың суд арқалы қорғалыў кепилликлери қатаң тәризде кушейттирилди. Усы кепилликтен пайдаланыў имканиятларын және де кеңейттириўди тәмийнлеў бойынша улкен көлемдеги ис-илажлар әмелге асырылды»[1].

Жуўмақластырып айтқанда, ғәрезсизлик жылларында әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары нәтийжесинде бийғәрез Өзбекстан Республикасының миллий ҳуқық системасы қәлиплесип, ол дәўир

---

[1] Жақсымов С.Т.. Тилеўов Е.М. Суд реформасының инсан ҳуқықларын қорғаўдағы роли // «Пуқаралық жәмийет қурыўда демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Н□кис: ҚМУ, 2011. – Б. 96-99.

[1] «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. «Еркин Қарақалпақстан». 16-ноябрь, 2010-жыл. №137.

талапларына сай раўажланып барды. Бул тараўдағы реформалар еле де даўам етиўи сөзсиз, себеби олардың тийкарғы мақсети елимизде жасап атырған ҳәр бир пуқараның ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық тәмийинлеў, пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў ҳәм демократиялық ҳуқуқый мәмлекетти қурыўдан ибарат. Бул факторлар болса, өз гезегинде, жынаят процессинде суд ғәрезсизлигин тәмийинлеў ҳәм суд бақлаўын еледе жетилистириўге хызмет етеди.

## 1.2. Суд бақлаўы ҳәм оны әмелге асырыў, мазмуны жәнe әҳмийети

Суд – бул әдил судлаўды әмелге асырыўшы ең тийкарғы мәмлекетлик уйымлардан бири болып табылады ҳәм мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының баслы бағдары суд системасын жетилистириў болып табылады.

Суд бақлаўы – улыўма юрисдикция судларында әдил судлаўды әмелге асырыўдың айырықша ҳәм ғәрезсиз түсге ийе тараўы болып табылады. Суд ис-хызметиниң өзине тән тараўы сыпатында, суд бақлаўы узақ ўақыт даўамында тек ғана пуқаралық судлаў ислерин жүритиўдиң предмети болып есапланған. Ҳуқықый илим-пән теориясында улыўма юрисдикция судларының ғарезсиз процессуал ҳәрекети сыпатында бир жақлама түсинилип, оның мазмуны пуқаралардың сайлаў ҳуқықларының бузылыўлары бойынша жолланған шикаятларды тексериў менен байланыслы судтың әмелий ис-хызмети, салықлар тийкарында неустойкаларды өндириў юбойынша ислер, ҳәкимшилик органларынын нызамға қарсы ис-ҳәрекетлери тийкарында келип түскен шикаятлар бойынша ислер ҳ.т.б.лардан ибарат болған[1].

Ҳуқық илими теориясында суд бақлаўы ҳаққында ҳәрқыйли пикирлер билдирилген. Мәселен, В.П.Кашеповтың пикиринше, суд бақлаўы жынаят-

[1] Шодиев Ғ. Суд назорати ва уни амалга ошириш шакллари, мазмуни ва моҳияти // ТДЮИ Ахборотномаси. – Тошкент, 2008. 4-сон. – Б. 78-79.

процессуал институты, пуқаралырдың ҳуқық ҳәм еркинлимклерин суд арқалы қорғаўдың қурам бөлеги болса-да, бирақ ол конституциялық ҳуқык тийкарларына жақындур[1], деп көрсетеди. А.В.Солодилов, керисинше, оның тийкарында конституциялық нормалардың бар болыўы ол өз тәбиятына көре конституциялық институт екенлигинен дерек бермейди[2], деп есаплайды. Буннан көринип турғанындай, бул институт тек ғана бир жынаят-процессуал тараўға ямаса конституциялық тараўға тийисли емес. Бундай пикирди Ғ.Шодиев ҳәм билдирип өтип, суд бақлаў комплекс ҳәм тараўларара қәсийетке ийе деп есаплайды[3].

Суд бақлаўына тийисли болған ис-хызметтиң ҳуқықый қәсийетин анықлаў барысында да бир-бирине қарама-қарсы болған пикирлер бар. Мәселен, А.В.Ленский, Т.В.Трубникова, Ю.К.Якимовичлар туўрыдан-туўры суд бақлаўның тийкарында, тергеўши, прокурорға тергеў процессин тәмийинлеў ушын берилген ҳәкимият ўәкилликлерине таянатуғын ҳәкимшилик ҳуқықый характердеги мүнәсибетлер турыўын көрсетип өткен. Бирақ олар бул ис жүритиў жынаят-процессуал характерге ийе екенлигин жақсы билген, себеби олар суд бақлаўын туўрыдан-туўры жынаят иси менен байланыслы ҳәм жынаят исисиз пайда болмайды, деп көрсетеди[4].

Юрист-алым В.Джатиев бул барада сондай деген. Суд бақлаўына ислердиң судлаўға тийислилиги мәселесин көрип шығыў менен бир қатарда, ол бул ис-хызметтиң толығы менен ҳәкимшилик характерге ийе, деген жуўмаққа келеди. Пуқаралық ислери болса, оның пикиринше, тек ғана пуқаралық ислерин жүритиў тәртибинде көрип шығылыўы керек. Соның ушын да процессуал қарарлардың тийкарлылығын, әдалатлылығын ҳәм

---

[1] Кашепов В.П. Институт судебной защиты прав и свобод граждан и средства ее реализации // Государство и право. 1998. №2. – Б. 66-71.

[2] Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действии и решениями прокурора и органов расследования, ограничивающими конституционные прав и свобод граждан в уголовном процессе России // Дисс… канд… юрид… наук. по спец.: 12.00.09. – М.: 1998. – Б. 25.

[3] Шодиев Ғ. Суд назорати ва уни амалга ошириш шакллари, мазмуни ва моҳияти // ТДЮИ Ахборотномаси. – Тошкент, 2008. 4-сон. – Б. 78-79.

[4] Ленский А.В., Трубникова Т.В., Якимович Ю.К. Дифференциация уголовного процесса / Под.общ. ред. Проф. М.К.Свиридова. – М.: Экономическое образование, 2000. – Б. 94.

нызамлылығын тексериў барысында servo ислерди көрип шығыў әмелиятын ақлайтуғын болса-да, жынаят процессинде бақлаўдың басқа түрлерине улыўма орын жоқ, деп есаплайды[1]. Бул пикирдиң авторы, өз гезегинде, суд бақлаўы жынаят ислерин жүритиў тәртиби ҳәм оның қатнасыўшыларының ҳуқықый субъектлилигини белгилеўши ҳалатларды басыдан-ақ нызам шығарыўшы тәрепинен жынаят-процессуал ҳуқықы арқалы тәртипке салынатуғын ҳуқықый қатнасықларға киритken. Бул ўәкилликлер тек ғана жынаят-процессуал қатнасыклар шегарасында ҳәм тийкарында әмелге асырылыўын, жынаят процесси ҳәм жынаят-процессуал мәжбүрлеў шараларысыз бул бақлаў түриниң өз болмаслығын инабатқа алмайды.

Бундай ҳәрқыйлы көз-қараслар ҳам пикирлер, өз нәўбетинде, бул хызмет түриниң нәтийжелилигине өз тәсирин көрсетпей қалмайды, себеби, тек ғана оның характери, мазмуны ҳәм мақсетин туўры түсиниў суд бақлаўының тийисли ҳуқықый тәртипке салыныўына ҳәм әмелий жақтан орынланыўына хызмет қылады. Буннан келип шығып, суд бақлаўы жынаят ислери бойынша әдил судлаўды айрықша формасы болып табылады. Себеби, суд ис-хызметиниң белгилери ҳәм әҳмийетли қәсийетлери жынаят процессинде әдил судлаўды тәмийинлеўши олшемлерге сөзсиз толық туўры келеди.

Жоқарыдағылардан келип шығып, әдил судлаўдың улыўмалық тәрепинен ғәрезсизлик формаларын ажыратып алыў лазым. Яғный, суд бақлаўын әмелий жақтан орынлаў дәўиринде әдил судлаў принциплериниң ишинде суд ғәрезсизлиги принципине айрықша итибар қаратыў лазым.

Юрист-алым Ғ.Шодиевтың пикиринше, әдил судлаў түсиниги (ҳәм оны әмелге асырыў түрлери) тек ғана улыўмалық тәрептен емес, бәлки өзине тәнлик ҳәм жеккелик тәреплери бойынша да ажыратылыўы мүмкин. Соның ушын да, юридик әдебиятларда, суд бақлаўы – жынаят ислери бойынша әдил

[1] Джатиев В. Подсудность дел о правонарушениях в досудебных стадиях уголовного процесса // Российская юстиция. 2000. №8. – Б.22.

судлаўды әмелге асырыўдың айрықша тараўы, деген пикир кең тарқалған. Бирақ, айырым алымлар әдил судлаўды әмелге асырыўдың айрықша тараўы сыпатында суд бақлаўының ҳуқықый тәбияты бойынша билдирген пикирлери бир-бирине қарама-қарсы яки жүда декларативдир, себеби өз пикирлерин керекли дәрежеде тийкарлап бермеген[1].

Итибар қаратыў лазым болған тағы мәселелердиң бири, бул суд бақлаўның ҳуқықый қәсийетлерине байланыслы пикирлерде ҳәрқыйлы. Мәселен, А.В.Солодиловтың позициясы да еки ҳәрқыйлы көринисте. Яғный алым суд бақлаўын, биринширден, тәреплер ортасында тартысларды шешиўге қаратылған, екиншиден, судлардың ғәрезсиз ис жүритиўине тийисли болған суд бақлаўы түрлери ғана әдил судлаўға тийислидур[2], деген пикирлерди билдиреди.

Пикиримше, жоқарыда аты көрсетилген алымлар суд бақлаўының махмун ҳәм мәнисин анықлаўға ҳәрекет қылған ҳәм бул барада белгиги бил жетискенликлерге ерискен. Ҳәм бул барада, юрист-алым Ш.Ғуломовтың әдил судлаў түсиниги (ҳәм оны әмелге асырыў түрлери) тек ғана улыўмалық тәрептен емес, бәлки өзине тәнлик ҳәм жеккелик тәреплери бойынша да ажыратылыўы мүмкин, деген пикири теориялық жақтан тийкарланыўға бираз жәкынрақ көринеди. Себеби, суд бақлаўы ҳәрқашанда өзине тән қәсийетке ийе болып.әдил судлаўды әмелге асырыўда айырықша ҳәм әҳмийетли механизм ролин атқарады.

Суд бақлаўы жынаят процесси болсын яки пуқаралық процесси болсын, оның барлық көринисисуд алдында турган анық ўазыйпаларды шешиў менен байланыслыдур, ҳәм, оларды әмелге асырыўға болған талап суд бақлаўын еледе жетилистириўди талап етеди. Буннан келип шығып

---

[1] Шодиев Ғ. Суд назорати ва уни амалга ошириш шакллари, мазмуни ва моҳияти // ТДЮИ Ахборотномаси. – Тошкент, 2008. 4-сон. – Б. 78-79.

[2] Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действии и решениями прокурора и органов расследования, ограничивающими конституционные прав и свобод граждан в уголовном процессе России // Дисс… канд… юрид… наук. по спец.: 12.00.09. – М.: 1998. – Б. 25.

айтыў мүмкин, суд бақлаўы тәреплер ортасындағы тартысларды нызамлы, әдәлатлы ҳәм тийкарлы шешиўде айрықша орын ийелейди.

Анаў яки мынаў түрдеги суд бақлаўының тийкарғы мақсети, бул шахсты оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, мәмлекетте нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртипти беккемлеўге хызмет қылады. Яғный ҳәм әдил судлаў ҳәм бақлаў ис-хызметиниң тийкарғы бағдары бул ҳуқықты қорғаў функциясы болып саналады.

Суд бақлаўының мазмуны суд тәрепинен айырым мәселелер бойынша истиң фактик ҳалатларын үйренип, өз ишки исенимине таянып шешиў ушын тийкар болатуғын тийисли процессуал қарарлар қабыл етиўден ибарат.

Мазмуны болса – бақлаў предметин а) пуқаралардың ҳуқықларының нызамсыз бузылыўы ҳәм шеклениўиниң алдын алыў (дәслепки бақлаў), б) бузылған ҳуқықларды қайта тиклеў (аралық бақлаў), в) нызамшылықта белгигленген жынаят-процессуал форманы бузыў ақыбетинде қабыл етилген ҳәм шығарылған ямаса, процессуал қарарлардың тьийкарлылық ҳәм нызамлылық талапларына тән келмейтуғын нызамсыз ҳүжжетлерди бийкар қылыў мақсетинде көрип шығыў ўақтында суд тәрепинен анық процессуал формада әмелге асырылатуғын ҳаракетлер жыйындысынан ибарат.

Суд бақлаўының процессуал нәтийжеси – бул улыўмамәжбүрий болған, нызамлы, тийкарландырылған ҳәм әдәлатлы, мәмлекеттиң мәжбүрлеў күши менен тәмийинленген суд ҳүжжетин қабыл етиўден ибарат болып табылады. Бул ҳүжжет арқалы материаллық ҳуқық нормалары қолланғанлығы ямаса олар бул жағдайға карата конкретлестирилгенлиги арқалы оны әдил судлаў ҳүжжети деп айтыўға болады[1].

Улыўма алғанда, суд бақлаўы суд тәрепинен белгили бир процессуал формаларға тийкарланып әмелге асырылады. Суд бақлаўы тек ғана суд тәрепинен әмелге асырылып, оның нәтийжелери ҳәм жуўмақлары

[1] Шодиев Ғ. Суд назорати ва уни амалга ошириш шакллари, мазмуни ва моҳияти // ТДЮИ Ахборотномаси. – Тошкент, 2008. 4-сон. – Б. 78-79.

тийкарында қабыл етилген ҳүжжетлер мәжбүрий тәртипте орынланады. Бул болса, өз гезегинде, ҳәкимияттың ғәрезсиз тараўы есаплланған суд тараўының жәмийет ҳәм мәмлекет турмысында айрықша әҳмийетке ийе екенлигинен дерек береди.

### 1.3. Жынаят процессинде тергеў ҳәрекетлери ҳәм суд бақлаўы

Дәслепки тергеў қатнасыўшысы болған шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери жынаят-процессуал нызам тәртип ҳәм қағыйдаларының сақланыўы тийкарында әмелге асырылыўы тийис. Шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыў даўамында жынаят процессиниң тийкарғы принциплери болған нызамлылық, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин сақлаў, оның қәдир-қысбатына ҳүрмет пенен мүнәсибетте болыў сыяқлы принциплер сақланыўы лазым. Бул орында мәмлекетимиз басшысы И.А.Каримов белгилеп өткениндей, «нызам ҳәм ҳуқық-тәртибат сақланбас екен, ҳуқықый мәмлекет қурыўды көз алдымызға келтирип болмайды»[1]. Усы мүнәсибет пенен, жынаят-процессуал нызамшылығында нәзерде тутылған қорғаныўға болған ҳуқық процесстиң барлық қатнасыўшыларына қарата дәслепки тергеўдиң ҳәрқандай басқышында тәмийинлениўи лазым[2]. Сонлықтанда, дәслепки тергеўде суд бақлаўын келтирип шығарыў ҳәм оны әмелге асырыўдан гөзленген тийкарғы мақсетлерден бири, бул судқа шекемги болған баскышта инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўды кепиллестириўден ибарат[3].

---

[1] Каримов И.А. Бундкорлик йўлидан. Т.4. – Т.:□збекистон, 1996. – Б. 129.

[2] Тухташева У. Жиноят процессида апелляция: ўқув қўлланма. / М.Ҳ.Рустамбоевнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2004. – Б. 3.

[3] Бул ҳаққында толығырақ қараң: Иноғомжонова З.Ф., Иноғомжонова И.Т. Инсон ҳуқуқлари Умумжаҳон декларацияси ва жиноят процессида айбсизлик презумпцияси / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 32-34; Рахманова С.М., Ҳидоятов Б.Б. Возможности обеспечения полноты предварительного следствия на судебной стадии как важнее условие расширения полномочия суда // «Суд-ҳуқуқислоҳотлари: ҳозирги ҳолати ва такомиллаштириш истиқболлари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Т.: ТДЮИ, 2007.- Б. 80-84.ва б.

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы астында болыўы мүмкин болған тергеў ҳәрекетлерин көрип шықпастан алдын, Өзбекстан Республикасының әмелдеги жынаят-процессуал нызамшылығына тийкарланған ҳалда, нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы тексерилиўи ушын суд бақлаўын әмелге асырыў лазым болған тергеў ҳәрекетлерине анықлық киргизип, оларды илимий талқылап өтиў мақсетке муўапық.

Өзбекстан Республикасының әмелдеги жынаят-процессуал нызамшылығында «Тергеў ҳәрекетлери» түсиниги бирнеше мәртебе ушырасқанына қарамастан, нызамда оның легал (нызамлы) түсиндирмеси өз сәўлелениўин таппаған. Лекин, тергеў ҳәрекетлериниң улыўма түсиниги ҳаққында жынаят-процессуал ҳуқықы теориясында юрист-алымларымыз тәрепинен айрымы пикир ҳәм усыныслар келтирип өтилген[1]. Булардан Ғ.Абдумажидов, З.Ф.Иноғомжонова, Ю.С.Пулатов, Б.Х.Пулатов, Г.Тулаганова, У.Тухташева, Н.Қўшаев, Ш.Файзиев ҳәм басқа алымларымызды атап өтиўимизге болады.

Белгили алым Ғ.Абдумажидов «тергеў ҳәрекетлери бул тергеўши тәрепинен өткерилетуғын барлық ҳәрекетлер» деп түсиник берип өтеди[2].

Өз гезегинде, бул алымның бул пикирлери тергеў ҳәрекетлерине жынаят-процессуал тәрептен толық түсиник берип өтеди, себеби, тергеўши ҳәрбир тергеў ҳәрекетин дәлиллерди топлаў ушын әмелге асырады.

Рус алымы И.Е.Биховский тергеў ҳаректлерин «тергеўшиниң ҳәм де нызам менен ўәкиллик берилген басқа шахстың дәслепки тергеў басқышында ҳәмде жаңадан ашылған ҳалатларды тергеўде дәлиллерди анықлаў, тексериў, оларды рәсмийлестириў ҳәм алып қойыўдың жынаят-процессуал ҳуқық тийкарында ҳәм оларға муўапық рәўиште әмелге асыратуғын анықлаў искерлиги» деп тәрийип береди.

---

[1] Мыс.: Абдумажидов Ғ. Расследование преступлений (процессуально-правовое исследование). –Т.: □збекистон, 1986; Тулаганова Г.З. Тергов ҳаракатлари ва мажбурлов // Ж. Адвокат. 2007. 2-сон. – Б. 14-17. ва б.

[2] Абдумажидов Ғ. Проблемы совершенствования предварительного расследования / Под. отв. ред. И.Ф.Крылова. – Т.: Фан, 1975. – Б. 11.

С.А.Шейфер болса «тергеў ҳәрекети институты, бул үйренип шығылатуғын ҳәдийсениң излеринде сәўлеленген дәлиллеў мағлыўматларын ҳәртәреплеме, толық, қалыс анықлаў ҳәм беккемлеўге қаратылған билиў, ҳуқықты тәмийинлеў ҳәм тастыйықлаў илажларын өткериў тийкарлары, орынлаў шәртлери, мазмуны ҳәм формаларын белгилеўши ҳуқықый илажлар жыйындысы» деп көрсетип өтеди[1]. Әлбетте, алымның көз-қарасы итибарға ылайық. Лекин, оның түсиндирмесиндеги «ҳуқықый илажлар» атамасының орнына «процессуал-ҳуқықый ҳәрекетлер» атамасын қолланыў мақсетке муўапық болар еди.

Жоқарыдағы пикир ҳәм усынысларды тыңлап, тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыў туўрыдан-туўры дәлиллерди топлаў ҳәм билиў менен байланыслы, деген жуўмаққа келиў мүмкин. Сол себепли тергеў ҳәрекетлерине толық тәрийп бериўден алдын Өзбекстан Республикасының әмелдеги жынаят-процессуал нызамшылығына тийисли тәртипте дәлиллерди топлаўдың процессуал усылларын көрип шығыў зәрүр. Бул орында айтып өтиўимиз лазым, дәлиллерди топлаў – бул жынаят процессинде ҳуқық қорғаў уйымларының тийкарғы ўазыйпаларынан бири болған дәлиллеў мәжбүриятын орынлаўдан ибарат. Бирақ, мәлим болғанындай, дәлиллеў процессинде ўәкилликли лаўазымлы шахслар (сорастырыўшы, тергеўши, прокурор, суд) өз ўәкилликлери шегарасында өзлерине жүклетилген бул ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде тийисли мәжбүрлеў шараларын қолланыў ҳуқықларына ийе[2].

Дәлиллерди топлаў тәртиби ямаса процессуал усыллары Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 87-статьясында көрсетилген. Яғный, жынаят-процессуал нызамшылығында дәлиллерди топлаў усы статьяда көрсетип өтилген тергеў ҳәрекетлери арқалы әмелге асырылыўы

---

[1] Шейфер С.А. Следственные действия: система и процессуальная форма. 2-е изд. испр. и доп. – М.: Юрлитинформ, 2001. - 208 с.

[2] Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79.

мүмкин екенлиги белгилеп өтилген. Оған муўапық, дәлиллерди топлаў усылларын төмендегише ажыратыў мүмкин:

- тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыў;
- ис бойынша дәлил сыпатында пайдаланыылыўы мүмкин болған зат, буйым ҳәм ҳүжжетлер усыныс етилген ўақытта оларды қабыл етиў;
- тергеўши талабына муўапық тексериў, соның ишинде, инвентаризация өткериў.

Көрсетип өтилген бул ҳәрекетлер даслепки тергеў ҳәм суд процесси даўамында әмелге асырылады. Қорғаўшы болса жынаят иси ушын әҳмийетли мағлыўматларды нызам талапларына муўапық топлаўы ҳәм жынаят исин жүргизиў даўмында пайдаланыўды талап етиўи мүмкин.

Жынаят иси бойынша дәлиллерди топлаў дәлиллеў премети есапланатуғын жынаят иси ҳалатларын анықлаўға қаратылған болыўы лазым. Демек, тергеў ҳәрекетлериниң ең тийкарғы мақсети дәлиллерди топлаў ҳәм жынаят иси бойынша ҳақыйқатлықты анықлаў. Лекин, жынаят-процессуал нызамшылықта тергеў ҳәрекетлеринин анық түсиниги келтирип өтилмеген. Сонлықтан, дәслепки тергеўдиң процессуал статусын жетилистириў ҳәм жынаят-процессуал нызамшыллыққа анықлық киргизиў мақсетинде Жынаят-процессуал кодексине тергеў түсинигин өзинде жәмлеген $87^1$-статьясын киргизиў мақсетке муўапық:

**«$87^1$-статьясы. Тергеў ҳәрекетлери.**

**Тергеў ҳәрекетлери ис бойынша ҳақыйқатлықты анықлаў мақсетинде сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд ямаса оларға жәрдемши шахслар (эксперт, қәниге) тәрепинен дәлиллерди топлаўға қаратылған процессуал ҳәрекетлер».**

Улыўма алғанда, тергеў ҳәрекетлери жынаят-процессуал нызамшылығында көпшиликти қурайды. Олар ҳәрқыйлы формаларда әмелге асырылып, айырым пайытларда тергеўшиниң жеке өзи тәрепинен, ямаса

прокурор келисими арқалы, ал айрықша жағдайларда болса, суд рухсаты арқалы әмелге асырылады.

Тергеў ҳәрекетлери өткерилиў ўақтына қарай кешиктирип болмайтуғын ҳәм әпиўайы тергеў ҳәрекетлерине бөлинеди. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлери әпиўайы тергеў ҳәрекетлеринен тезлик пенен исләниўи тийислилиги менен ажыралып турады, себеби, айырым дәлиллер ямаса излер жоқ болып кетиўи мүмкинлиги ушын тезлик пенен анықланып алыныўы ҳәм рәсмийлестирилиўи лазым. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлери сорастырыўшы, тергеўши, прокурор тарепинен жынаят иси қозғатылыўы менен дәрҳал өткериледи. Ал, басқалары болса, сорастырыў органына айырым тергеў ҳәрекетлерин өткериў ҳаққындағы жазба тапсырмасы жиберилгенинен кейин ямаса тергеўши тәрепинен дәслепки тергеў даўамында әмелге асырылады. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлериниң түрлерисорастырыў ҳәм дәслепки тергеўдеги жүзеге келген ҳәрқыйлы жағдайлар менен байланыслы. Лекин, кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлериниң дизими жынаят-процессуал нызамшылықта келтирип өтилмеген. Сол себеп, тергеў ҳәрекетлеринин қайсылары кешиктирип болмайтуғын екенлиги ҳаққындағы мәселени сорастырыў ҳәм тергеўши өзлери шешеди[1].

Процессуал тәбиятына көре тергеў ҳәрекетлерин дәслепки, қосымша ҳәм тәкирарыйларға ажыратыў мүмкин. Әдебиятларда бундай сыпат бериўде тергеў ҳәрекетлериниң криминалистик тәреплерине итибар қаратады. Тергеў ҳарекетлериниң шеңбери, олардың избе-излиги жынаят исин жүргизиў бакышлары менен байланыслы. Сонлықтан да, дәслепки тергеў органлары қайсы тергеў ҳәрекетин қашан әмелге асырыў мүмкин екенлигин ғәрезсиз рәўишде шешеди. Айып жәрияланаман дегенше айып айыпты нызамлы ҳәм

[1] Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79.

тийкарландырған ҳалда жәриялаў ушын жетерли дәлиллер топланады ҳәм айып жәрияланғаннан кеин ол қосымша дәлиллер менен беккемленип барады.

Жоқарыда келтирип өткенимиздей, дәслепки тергеў органлары қайсы тергеў ҳәрекетин қашан әмелге асырыў мүмкин екенлигин процессуал бийғәрез тәртипте ҳал қылады. Сонлықтанда, қосымша тергеў ҳәрекетлери төмендеги мақсетлерде өткериледи:

- илгери анықланбаған ямаса анықланыўы лазым болған мәселелерге анықлық киритиў;
- илгери үйренилмеген объектлерди ямаса олардың қәсийетлерин алдын үйренилген объектлер менен салыстырып үйрениў;
- алдын үйренилген объектлерди жаңадан уйренилген объектлер менен салыстырыў.

Тәкирарый тергеў ҳәрекетлери болса бир объект тийкарында, лекин бака қатнасыўшылар менен, ямаса ўақыя орнан бир қатнасыўшы көрсетип бергенинен соң екинши бир қатнасыўшы менен сол тергеў ҳарекетин қайталаў есапланады.

Тергеў ҳәрекетлери жынаят иси қозғатылғанға шекем ямаса жынаят иси қозғатылғаннан кейин ҳәм әмелге асырылады.

Улыўма алғанда, дәслепки тергеўде тергеў ҳәрекетлери өзиниң ҳәрқыйлылығы менен ажыралып турады. Ҳәр бир процессуал ҳәрекет ямаса социаллық жағдайлар бойынша тийисли тәртипте тергеў ҳәрекетлери бар. Егер, тергеў ҳәрекетлери шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерини шеклейтуғын болса, бундай жағдайларда прокурор санкциясы ямаса суд рухсатнамасы шәрт болып есапланады[1].

---

[1] Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79.

Демек, жынаят-процессуал нызамшылығына муўапық тергеў ҳәрекетлери пуқаралардын ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеген жағдайларда тергеўши тергеў ҳәрекетин өткериў ушын судтан рухсатнама алыўы тийис. Айрықша атап өтиўимиз лазым, бундай түрдеги тергеў ҳәрекетлерин нызамлы ҳәм тийкарлы әмелге асырыў әмелиятында суд бақлаўының болыўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда унамлы тәсир етеди.

Сондай-ақ, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерини шеклеўши тергеў ҳәрекетлерине суд арқалы рухсат берилиўи тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлигине тәсир етпейди. Керисинше, тергеўшинин суд арқалы қорғаўда болыўына ҳәм ол тергеў ҳәрекетиниң суд арқалы бақлаўда болыўына ерисиледи. Демек, бул ҳалат, өз гезегинде, дәслепки тергеўде жынаят иси бойынша тергеўшиниң өз жумысын иркинишсиз әмелге асырыўға ҳәм оның исине сыртқы тәсир күшлериниң араласпаўына хызмет қылады.

Демек, жынаят процессинде дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўының әмелге асырылыўы тергеў ҳәрекетлерин процессуал анық, нызамлы ҳәм тийкарлы әмелге асырыўға алып келеди. Усыған байланыслы Г.З.Тулаганова ҳақлы рәўиште «көплеп тергеў ҳәрекетлери қурамында мәжбүрлеў бар. Тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын судтан рухсат алыў тәртибине өтиў мәжбүрлеўдиң жеке ҳуқықлар шеңберине өткеретуғын тәсирин азайтыў ҳәмде пуқаралардың ҳуқықларын қорғаўды қосымша рәўиште кепиллеўге хызмет қылыўшы нәтийжели бағдар» деп тийкарлап өтеди[1].

Г.П.Химичева болса «процессуал ҳәрекетлер, солардың ишинде тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыў бойынша суд бақлаўы тек пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклейтуғын тергеў ҳарекетлерине тийисли» деп көрсетеди[2].

---

[1] Тулаганова Г.З. Жиноят процессида мажбурлов ва унинг ўзига хос хусусиятлари: монография. / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 173.
[2] Химичева Г.П. Концептуальные основы процессульного контроля и надзора на досудебных стадиях уголовного судопроизводства. – М.: ЮНИТИ-ДАНА. Закон и право. 2004. – 210 с.

Ал, Д.Исмайловтың пикиринше, пуқаралардың конституцияда белгилеп қойылған ҳуқықларынан тысқары басқа нызам ҳүжжетлериндеги ҳуқықлары ҳәм еркинликлери бар болып, оларды суд бақлаўынан шетте қалдырыў максетке муўапық емес[1]. Әлбетте, мәмлекетимизде жасаўшы ҳәр бир пуқараның ҳуқык ҳәм еркинлдиклери тек ғана Өзбекстан Республикасы Конституциясында емес, бәлким, басқада норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерде келтирип өтилген. Тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыў бойынша суд бақлаўы тек пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклейтуғын тергеў ҳарекетлерине тийисли деп есаплайтуғын болсақ, онда пуқаралардың конституциядан басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерде келтирип өтилген ҳуқық ҳәм еркинликлери итибардан бираз шетте қалып қояр еди. Сонлықтан, пуқаралардың конституцияда белгилеп қойылған ҳуқықларынан тысқары басқа нызам ҳүжжетлериндеги ҳуқықлары ҳәм еркинликлеринде шеклейтуғын тергеў ҳәрекетлери үстинен суд бақлаўын жәнеде кеңирек енгизиў ҳаққындағы пикир ҳәм усынысларды қоллап-қуўатлаймыз.

Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда суд бақлаўының әмелге асырылыўы, яғный, бул тергеў ҳәрекетлерин өткериўде суд тәрепинен рухсат етилиўи елимизде ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўдың зәрүр шәртлеринен бири болып есапланады. Сонлықтанда, айрырым юрист-алымлар пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда суд бақлаўының кеңейиттирилиўи лазымлығын келтирип өтеди. Солардың ишинде, процессуал мәжбүрлеў бағдарында докторлық диссертациясын қорғаған Г.З.Тулаганова тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда суд бақлаўы, яғный, суд тәрепинен рухсат етилиўи тийис болған тергеў ҳәрекетлериниң санын көбейтиўди усыныс етеди. Алым бундай тергеў

---

[1] Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 81-82

ҳәрекетлери қатарына тинтиў, алып қойыў, эксперт тексериўи ушын үлгилер алыў, гуўаландырыў, турар жайды көзден кешириў, почта-телеграф жөнетпелерин хатлап қойыў, телефон ҳәм басқада сөйлесиў қурылмалары арқалы алып барылатуғын сөйлесиўлерди еситип турыў сыяқлы тергеў ҳәрекетлери болыўы лазымлығын усыныс сыпатында өз илимий мийнетлеринде келтирип өтеди[1]. Ал, өз гезегинде, Д.Исмаилов болса «егер, суд экспертизасы Жынаят-процессуал кодекстиң XXII-бабына муўапық тергеў ҳарекети сыпатында тән алыныўын инабатка алсақ, қамаққа алынбаған айыпланыўшы (гүман қылыныўшы, жәбирлениўши ҳәм гүўа) ны медициналық ямаса психиатрия стационарына, тийисли экспертизаны өткериў ушын жайластырыўдың нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстиненде суд баклаўының орнатылыўы мақсетке муўапық» деп билдирип өтеди[2]. Лекин, бул жерде Д.Исмаиловтың пикирине қосылыўдан жырақпыз. Себеби, қамаққа алынбаған айыпланыўшы (гүман қылыныўшы, жәбирлениўши ҳәм гүўа) ны медициналық ямаса психиатрия стационарына, тийисли экспертизаны өткериў ушын жайластырыў руўхый кеселликке шалынған ямаса руўхый кеселликке шалынған деп гүман туўдырылып атырған шахсқа қарата қолланылады. Сондай-ақ, қамаққа алынбаған айыпланыўшы (гүман қылыныўшы, жәбирлениўши ҳәм гүўа) ны медициналық ямаса психиатрия стационарына, тийисли экспертизаны өткериў ушын жайластырылып болғаннан кейин оның менен байланыслы болған тергеў ҳәрекетлери, аныўрағы, суд-медицина ямаса суд-психиатрия экспертизалары өткериледи. Соңынан, суд-медицина ямаса суд-психиатрия экспертизалары нәтийжелерине муўапық шахс ҳақыйқаттанда кесел деп есапланатуғын болса ҳәм суд-медицина ямаса суд-психиатрия экспертлери сондай жуўмақ

[1] Тулаганова Г.З. Жиноят процессида мажбурлов ва унинг ўзига хос хусусиятлари: монография. / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 164.
[2] Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 81-82

шығарып турган болса, шахсқа қарата медициналық тәриздеги мәжбүрлеў шарасы қолланылады. Бул түрдеги мәжбүрлеў шарасы болса, өз гезегинде, ҳәзирги ўақытта суд бақлаўында болып есапланады.

Бул бойынша Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жыл 12-ноябрьдеги Өзбекстан Республикасы Олий Мажилисиниң Сенаты ҳәм Нызамшылық палаталарының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы мийнетинде айрықша тоқтап өтеди. Мәмлекетимиздиң ҳуқықый раўажланыўы ушын үлкен қадем есапланатуғын Журтбасымыздың бул мийнетинде Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал Кодексиниң 29 ҳәм 31-бапларына өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў усыныс етиледи. Бул орында судқа шекем ис жүритиў басқышында қолланатуғын илажлар, яғный, лаўазымнан шетлеттириў ҳәм шахсты медициналық мәкемеге жайластырыў тәризиндеги процессуал мәжбүрий илажларды тек судьяның санкциясы тийкарында қолланылыўы лазымлығын келтирип өтеди[1]. Бул процессуал қағыйда ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Республикасының әмелдеги Жынаят-процессуал Кодексинде өз сәўлелениўин тапқан ҳәм ҳәзирги дәўирде унамлы нәтийжелер бермекте.

Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан баслап суд-ҳуқық тараўында алып барылып атырған реформалар нәтийжесинде суд тараўында, суд бақлаўы тараўында бирқатар унамлы нәтийжелерге ерисилди ҳәм бул нәтийжелер менен шегараланып қалмастан мәмлекетимизде суд-ҳуқық тараўын жетилистириў еледе даўам етпекте. Сонлықтанда судлардың ғәрезсизлигин, еркинлигин, қалаберсе, олардың жәмийет ҳәм мәмлекет өмиринлдеги тутқан орнын ҳәм абырайын асырыў бойынша ислер әмелге

---

[1] Каримов И.А. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы. // Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты / «Еркин Қарақалпақстан». 16-ноябрь, 2010-жыл. №137.

асырылмақта. Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов 2005-жыл 25-январьда Өзбекстан Республикасы Олий Мажилисиниң Сенаты ҳәм Нызамшылық палаталарының қоспа мәжилисинде «Бул мәселелер биринши орында судлардың ҳақыйқый ғәрезсизлигин тәмийинлеў менен байланыслы. Жынаят ҳәм процессуал нызамшылығымыздың дәслепки тергеў ҳәм судқа шекемги болған басқышы үстинен суд бақлаўын күшейиттириў менен байланыслы айырым қағыйдаларды қайтадан көрип шығыў зәрүрлиги пайда болды» деп ҳақлы рәўиште уқтырып өтеди[1].

Шахстың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери ҳуқықый (ҳәмде жынаят-процессуал) қорғалыўы баслаўшы бағдар деп қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Конституциясында белгилениўи менен-ақ, ҳуқық ҳәм еркинликлердиң суд тәрепинен қорғалыўы институты жынаят-процессуалискерлик тараўындағы ҳуқықый тәртип механизминиң ажыралмас бөлегине айланды. Пуқаралардың конституциялық ҳуқықларының суд арқалы қорғалыўы басқышпа-басқыш әмелге асырылып, дәслеп нызам шығарыўшы, кейин болса Өзбекстан Республикасының суд органлары тәрепинен соңғы ыллар даўамында пуқаралардың суд қорғаўында болыўының шекленбеўи ҳаққындағы пикир ҳазирде өз тастыйығын таппақта[2].

Жынаят судлаў тараўында, көбинесе процессуал мәжбүрлеў шараларын қоллаў ямаса процесс қатнасыўшыларының ҳуқық ҳәм еркинликлерин қаталырақ тәризде шеклеўши ықтыят шараларын қоллаў менен байланыслы болғанлғы себепли, нәзерде тутылып атырған конституциялық кепиллик көп тәрептен жынаят процессинде ғәрезсиз есапланған дәслепки тергеў органлары ҳәм прокурордың пуқаралардың

[1] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: □збекистон, 2005. – Б. 46-47.
[2] Шодиев Ғ. Жиноят процессида суд назорати: тушунчаси, турлари. // Фан ва Ёшлар. 3-2008. Махсус сон. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 191.

ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен суд бақлаўы институтына айланды.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2007-жыл 11-июльдаимзаланған ҳәм 2008-жыл 1-январьдан күшке кирген «Қамаққа алыўға санкция бериў ҳуқықын судларға өткерилиўи мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине өзгертиў ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына муўапық енгизилген суд бақлаўы жынаят-судлаў исин жүритиўде қамаққа алыўды, қамақта сақлаў мүддетин узайттырыўды ҳәм нызамлылығы менен тийкарлылығын суд арқалы тексериўдиң айрықша тәртибин белгиледи. Соның менен бир қатарда, суд ҳәкимиятының әҳмийетли конституциялық искерлик бағдарында ҳәмде жынаят процессинде шахстың әҳмийетли процессуал кепиллиги сыпатында сәўлеленди.

Суд бақлаўының анаў яки мынаў формалары илгери де алымлардың ҳәм әмелиятшылардың дыққат-итибарында болып, бул жынаят-процессуал институты улыўма теориялық тийкарларда (З.Ф.Иноғомжонова ҳ.т.б.)[1] ямаса суд бақлаўының анық бир тараўы бойынша (Н.А.Колоколов ҳ.т.б.)[2] изертлеўлер алып барылған.

Бақлаў предмети ҳәм объектлерине көре суд бақлаўы төмендеги түрлерге бөлинеди:

а) дәслепки тергеў органының ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ямаса қарарлары үстинен ағымдағы суд бақлаўы;

б) тамамланған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўдиң алып барылыўы ҳәм нәтийжеси үстинен жуўмақлаўшы суд бақлаўы;

---

[1] Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процессидасуд назорати ва уни тадқиқ этиш муаммолари // Дисс…ю.ф.д. (12.00.09) – Т.: 2006.

[2] Колоколов Н.А. Судебный контроль в стадии предварительного расследования: реальность и перспективы. // Государство и право. 1998. №3. –Б. 31-39.

в) төмен турыўшы судтың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ямаса қарарлары үстинен суд бақлаўы (апелляция, кассация ҳәм бақлаў тәртибинде ис жүритиў).

Тәсир шараларына көре ҳәм қабыл етилген қарарлар ақыбетине муўапық суд бақлаўы: а) дәслепки ҳәм кейинги; б) ескертиўши ҳәм қайта тиклеўши болыўы мүмкин.

Тексериў предмети, әмелге асырыўдың процессуал механизми ямаса тексериў нәтийжелери бойынша қабыл етилген қарарлардың мазмунына көре, суд бақлаўы салыстырмалы рәўиште ғәрезсиз болған бақлаў формаларына бөлиниўи мүмкин: а) жынаят процессиниң кейинги ҳәрекетлениўине (соның менен бирге пуқаралардың суд қорғаўында болыў конституциялық ҳуқықларына) тосқынлық қыыўы мүмкин болған ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен; б) пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен; в) айрымы тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўдың процессуал формасы ҳәм нәтийжелери үстинен; г) нызамлы күшке кирмеген суд қарарларының (суд ҳүкми, уйғарыўы ҳәм қарары) нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен; д) нызамлы күшке кирген суд қарарлары үстинен.

Бул жынаят-процессуал тәртиптиң, яғный суд бақлаўының мақсети, әҳмийети ҳәм мазунын комплекс рәўиште анықлаў, оның предмети, шегарасы ҳәмде әмелге асырылыўы мумкин болган процессуал формаларына бағышланған бирқатар илимий (В.М.Жуйков)[1] ислер әмелге асырылған.

Улыўма юрисдикция судларында суд бақлаўының қандайда бир формасын әмелге асырыў ямаса ҳуқықый тәртипке салыў менен байланыслы болған бирқатар машқала ҳәм мәселелерди шешиў ҳәзирги ўақытта баскышпа-басқыш ҳәм ңатийжели әмелге асырылмақта. Бирақ, бул тараўдағы айырым процессуал мәселелер: суд бақлаўы менен прокурор бақлаўының өз-

[1] Қараң: Жуйков В.М. Теоритические и практические проблемы конституционного права // Дисс. К.ю.н. – М.: 1997.

ара байланысы; суд бақлаўының әмелге асырылў басқышлары; суд бәклаўының объекти; суд бақлаўын әмелге асырыў асырыў механизмлери тартыслы мәселелрден болып келмекте[1].

Бул мәселелерди ҳәртәреплеме ҳәм комплекс тәризде аңлап алыў, суд бақлаўының анық ҳәм толық толық әмелге асырўын тәмийинлеў ушын биз биринши гезекте суд бақлаўының анық түсинигин билип алыўымыз лазым. Бул мәселе бойынша бир қатар алымлар ҳәрқыйлы пикирлерин билдирип өткен. Бул бойынша В.П.Кашеповтың пикиринше, суд бақлаўы жынаят-процессуал институт, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаўдың айырықша бағдары[2]. Ал, А.В.Солодилов судбақлаўын тармақларара комплекс қасийетке ийе ҳәм жынаят-процессуал ямаса конституциялық-ҳуқықый институт емес, деп пикир билдирип өтеди[3].

Бул мәселеде Ғ.Шодиев «Суд бақлаўы - өзине тән ҳуқықый (процессуал) қәсийетлерине көре – улыўма юрисдикция судларында әдил судлаўды әмелге асырыўдың ғәрезсиз, айырықша формасы» деп пикир билдирип өтеди[4].

Жоқарыда келтирип өткенимиздей, суд бақлаўының анық ҳәм толық толық әмелге асырылыўын тәмийинлеў ушын биз биринши гезекте суд бақлаўының анық түсинигин билип алыўымыз керек ҳәм жоқарыдағы алымлардың суд бақлаўы түсиниги бойынша келтирип өткен пикир ҳәм усынысларынан келип шығып, жынаят процессинде суд бақлаўы түсинигин төмендегише талқын етиў мақсетке муўапық: **«Суд бақлаўы жынаят иси бойынша пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў**

---

[1] Шодиев Ғ. Жиноят процессида суд назорати: тушунчаси, турлари. // Фан ва Ёшлар. 3-2008. Махсус сон. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 191-192.

[2] Кашепов В.П. Институт судебной защиты прав и свобод граждан и средства её реализации // Государство и право. 1998. №2. – Б. 66-71.

[3] Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действий и решениями прокурора и органов расследования, ограничиваюшие конституционные права и свобод граждан в уголовном процессе России // Дисс.к.ю.н. (12.00.09) – М., 1998. – Б. 25.

[4] Шодиев Ғ. Жиноят процессида суд назорати: тушунчаси, турлари. // Фан ва Ёшлар. 3-2008. Махсус сон. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 191-192.

**ҳәрекетлери бойынша жүргизилетуғын, суд рухсаты ҳәм тексериўи формасында әмелге асырылатуғын суд искерлиги».**

Солай етип, суд бақлаў дәслепки тергеўде әмелге асырылатуғын ҳәм дәслепки тергеў сыпатын тәмийинлеўге хызмет қылатуғын суд искерлиги болып табылады. Суд, дәслепки тергеўде пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери үситнен нызамлылық талапларының сақланыўын сақлай отырып, өз ўәкилликлерин әмелге асырады. Бул жол арқалы суд ҳәкимияты ҳақыйқый ғәрезсизлигин қолға киргизип барады.

## 1.4. Дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы ҳәм суд бақлаўының өз-ара ҳуқықый қатнасы

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 33-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры ҳәм оған бойсыныўшы прокурорлар сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў басқышларында Өзбекстан Республикасы нызамлырының анық ҳәм бирқыйлы орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырады. Прокурор сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў басқышларында нызамның бузылыўын, ким тәрепинен исленгенлигине қарамастан, оны сапластырыў ушын нызамда нәзерде тутылған ис-иләжларды өз ўақтында көриўи шәрт.

Улыўма алғанда, дәслепки тергеў уйымларында нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды алып барыўда прокуратура уйымлары айрықша әҳмийетли ўазыйпаларды атқарады. Дәслепки тергеў уйымларында нызамлардың орынланыўын тәмийинлеў дәўиринде прокурор бақлаўды әмелге асырыўшы шахс, баслық ҳәм дәслепки тергеўдиң туўрыдан-туўры қатнасыўшысы сыпатында ҳәрекет етеди.

Прокурор бул басқышта жынаят процесси қатнасыўшыларының ҳуқық ҳәм нызамлы мәплериниң бузылмаўын тәмийинлеў, сорастырыўшы,

тергеўшиниң нызамсыз ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен келип түскен шикаятларды көрип шығыў ҳәм жол қойылған қәте-кемшиликлерди өз ўақтында сапластырыў, дәлиллерди тиклеў ҳәм тексериўде процессуал нызам талапларына бойсыныў, жынаятлардың келип шығыў себеплерин анықлаў ҳәм сапластырыў шараларын көриў, қалыслық ҳәм нызам алдында барлық пуқаралардың теңлигин тәмийинлеў сыяқлы ўазыйпаларды орынлайды[1].

Дәслепки тергеў органлары тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў арқалы, прокурор өз ўәкиллилликлери шеңберинде:

- дәслепки тергеў органларында ислерди тексериў ушын, исленген жынаятларға тийисли оператив-қыдырыў, дәслепки тергеў жумысларының барысына тийисли ҳүжжетлерди, материалларды ҳәм басқа мағлыўматларды талап қылып алады;
- исленген ямаса тәкирарланып атырған жынаятлар ҳаққындағы арзы ҳәм мағлыўматларды қабыл етиў, дизимнен өткериў ҳәм шешиў ҳаққындағы нызам талапларының қай дәрежеде орынланып атырғанлығын ҳәр айда кеминде бир мәртебе тексереди;
- тергеўшилердиң нызамсыз ҳәм тийкарсыз қарарларын бийкар етеди;
- қамаққа алыў тәризинждеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы судқа илтимаснаманы киритеди ямаса илтимаснамаға разылық береди сондай-ақ қамақта сақлап турыў мүддетин узайыттырыў ҳаққындағы судқа илтимаснаманы киритеди
- жынаятларды тергеў, ықтыят шарасын таңлаў, өзгертириў ямаса бийкар қылыў, жынаятты квалификациясын белгилеў, исте айыпланыўшы сыпатында қатнасытырыўға тартыў, айырым тергеў ҳәрекетлерин орынлаў ҳәм жынаят ислеген шахсларды қыдырыў ҳаққында көрсетпелер береди;

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 65-67.

- тинтиў өткериўге, почта-телеграф жөнетпелерин хатлаў ҳәм оларды алып қойыўға, телефон ҳәм басқа қырлмалар арқалы алып барылатуғын сөйлесиўлерди еситип турыяға ҳәм тергеўшиниң басқа ҳәрекетлерине рухсат береди;
- дәслепки тергеў мүддетлерин нызамда белгиленген тәртипту узайыттырады;
- жынаят ислери бойынша қосымша тергеў өткериў ҳаққында дәслепки тергеў органларына өз көрсетпелери менен қайтарады;
- жынаят ислерин нызамда белгиленген жағдайларда бир тергеўшиден екиншисине, ямаса бир органнан екиншисине өткереди;
- жынаят исин қозғатыў, қозғатыўдан бас тартыя ямаса тамамлаў үстинен бақлаў алып барады;
- ис бойынша айыплаў жуўмағын тастыйықлайды ҳ.т.б.

Прокурор жынайый қуўдалаўды әмелге асырыўшы, жынаят ислерин тез, ҳәртәреплеме, қалыс тергеў қылыныўына басшылық етиўши ҳәм бул ҳәрекетлер үстинен бақлаўды алып барыўшы тийкарғы мәмлекетлик орган болып есапланады[1].

Дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы ҳәрқандай жағдайларда әмелге асырылыўы тийис. Себеби, инсанның ҳуқық ҳәм мәплерине ҳуқықтың ҳәкимшилик, пуқаралық, хожалық ҳәм басқада тараўларына салыстырғанда жынаят процессинде көбирек тәсир өткериледи[2]. Прокурордың бақлаўды әмелге асырыўы болса дәслепки тергеўде инсан мәплерине хызмет етиўи сөзсиз[3]. Себеби, гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшыға тергеўшиниң

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 598-601.
[2] Саломов Б. Жиноят ишларида адвокатнинг иштироки. – Т.: Адолат, 2007. – Б. 6.
[3] Алиходжоев К.Қ., Қобилов З.Э. Айбланувчини ҳимоя ҳуқуқи билан таъминлашда прокурор назорати // «Адвокатура институтини ислоҳ этишнинг айрим йўналишлари» мавзусидаги давра суҳбати материллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 86-90.

ҳәрекетлери үстинен шикаят қылыў тартибиниң жынаят-процессуал механизмин әмелге асырыў прокурор мәжбүриятына жүкленген[1].

Жоқарыда көрсетип өтилген қағыйдалар прокурордың дәслепки тергеўдеги ўәкилликлери болып есапланады ҳәм, илимий жумыстың объекти дәслепки тергеўде суд бақлаўы болғаны себепли прокурордың тек ғана ўәкилликлерин көрсетип өтиў мақсетке муўапық. Илимий истиң бул бөлиминде тийкарынан дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы менен суд бақлаўының өз-ара ҳуқықый қатнасығына тоқтап өтемиз.

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўының улыўма ўазыйпасы – дәслепки тергеўдиң сыпатлы жүритилиўин ҳәм пуқаралардың ҳуқык жәе еркинликлерин тәмийинлеўден ибарат. Сол мүнәсибетте, З.Ф.Иноғомжонованың пикиринше, дәслепки тергеўдеги суд бақлаўытергеў искерлиги менен уйғынласып кетеди. Прокурор бақлаўы ҳәм суд бақлаўы бир-биринен парық қылады. Суд бақлаўы прокурор бақлаўын қандайда бир тәреплери бойынша толтырып турыўы мүмкин, оған жәрдемлесиўи мүмкин, лекин оның орнын баса алмайды, себеби дәслепки тергеў өз қәсийети, мазмуны, ўазыйпасы, қатнасыўшылары, ўәкиллик шеңбери арқалы жынаят процессиниң ғәрезсиз басқышын қурайды[2]. Ал, Ғ.Шодиев болса, өз гезегинде, дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы өзине тән ғәрезсизлиги менен өз-ара уқсаслығын келтирип, «суд бақлаўы – бул өзине тән ҳуқықый қәсийетлери (белгилери)не ийе болған улыўма юрисдикция судларында әдил судлаўды әмелге асырыўдың ғәрезсиз, айрықша формасы» деп пикир билдирип өтеди[3].

Демек, дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы бир-бирин толтырып турыўшы жынаят-процессуал элементлер болып, олардың

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг «Гумон қилинувчи ва айбланувчини ҳимоя ҳуқуқи билан таъминлашга оид қонунларни қўллаш бўйича суд амалиёти тўғрисида»ги 2003 йил 19 декабрдаги 17-сонли қарори.

[2] Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процессида суд назорати ва уни татбиқ этиш муаммолари. Юрид..фан..доктори дисс. – Т, 206. –Б. 37.

[3] Шодиев Ғ. Судгча иш юритиш босқичида суд назорати: тушунчаси ва мазмуни. // ТДЮИ Ахборотномаси. 1-сон. 2009. – Т.:ТДЮИ. –Б. 103.

ҳәр бири дәслепки тергеў даўамында өзине тән әҳмийетлиликке ийе саналады. Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы төмендеги өз-ара ҳуқықый қатнасықларға ийе: а) дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы суд бақлаўына салыстырғанда кеңирек ўәкилликлерге ийе, себеби, прокурор бақлаўы дәслепки тергеўдиң үстинен басшылықты әмелге асырады; б) суд бақлаўы прокурор бақлаўынан техникалық тәреплери менен ажыралып турады, яғный, суд дәслепки тергеўдеги процессуал мәселелерди тергеўшиниң усыныс арқалы әмелге асырса, прокурор бақлаўы ушын тергеўши усынысының кереги жоқ; в) прокурор дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўшини алмастырыўы ямаса жынаят исин өз жүритиўине алыўы мүмкин, суд болса бундай ўәкилликке ийе емес; г) дәслепки тергеўде суд бақлаўы да, прокурор бақлаўы да бир мақсетке – пуқаралардың конституцияда ҳәм бака нызамларда көрсетилген ҳуқық ҳәм мәплерин, сондай-ақ еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған.

Солай етип, дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы жынаят процессиниң бир-бирин толтырыўшы ҳәм ажыралмас элементлеринен болып табылады. Өз гезегинде, бақлаўды әмелге асрып атырған прокурор да, суд та жынаят исиниң нәтийжеси ҳәм қабыл етилетуғын шешимлердиң нызамлылығына, әдәлатлылығына ҳәм тийкарланғанлығына бирдей жуўапкер есапланады.

## Биринши бап бойынша жуўмақлаў

Суд – бул әдил судлаўды әмелге асырыўшы ең тийкарғы мәмлекетлик уйымлардан бири болып табылады ҳәм мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының баслы бағдары суд системасын жетилистириў болып табылады.

Суд бақлаўы – улыўма юрисдикция судларында әдил судлаўды әмелге асырыўдың айырықша ҳәм ғәрезсиз түсге ийе тараўы болып табылады. Суд ис-хызметиниң өзине тән тараўы сыпатында, суд бақлаўы узақ ўақыт

даўамында тек ғана пуқаралық судлаў ислерин жүритиўдиң предмети болып есапланған. Ҳуқықый илим-пән теориясында улыўма юрисдикция судларының ғарезсиз процессуал ҳәрекети сыпатында бир жақлама түсинилип, оның мазмуны пуқаралардың сайлаў ҳуқықларының бузылыўлары бойынша жолланған шикаятларды тексериў менен байланыслы судтың әмелий ис-хызмети, салықлар тийкарында неустойкаларды өндириў юбойынша ислер, ҳәкимшилик органларынын нызамға қарсы ис-ҳәрекетлери тийкарында келип түскен шикаятлар бойынша ислер ҳ.т.б.лардан ибарат болған.

Суд бақлаўы жынаят процесси болсын яки пуқаралық процесси болсын, оның барлық көринисисуд алдында турган анық ўазыйпаларды шешиў менен байланыслыдур, ҳәм, оларды әмелге асырыўға болған талап суд бақлаўын еледе жетилистириўди талап етеди. Буннан келип шығып айтыў мүмкин, суд бақлаўы тәреплер ортасындағы тартысларды нызамлы, әдәлатлы ҳәм тийкарлы шешиўде айрықша орын ийелейди.

Анаў яки мынаў түрдеги суд бақлаўының тийкарғы мақсети, бул шахсты оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, мәмлекетте нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртипти беккемлеўге хызмет қылады. Яғный  ҳәм әдил судлаў ҳәм бақлаў ис-хызметиниң тийкарғы бағдары бул ҳуқықты қорғаў функциясы болып саналады. Суд бақлаўының мазмуны суд тәрепинен айырым мәселелер бойынша истиң фактик ҳалатларын үйренип, өз ишки исенимине таянып шешиў ушын тийкар болатуғын тийисли процессуал қарарлар қабыл етиўден ибарат.

Улыўма алғанда, суд бақлаўы суд тәрепинен белгили бир процессуал формаларға тийкарланып әмелге асырылады. Суд бақлаўы тек ғана суд тәрепинен әмелге асырылып, оның нәтийжелери ҳәм жуўмақлары тийкарында қабыл етилген ҳүжжетлер мәжбүрий тәртипте орынланады. Бул болса, өз гезегинде, ҳәкимияттың ғәрезсиз тараўы есаплланған суд

тараўының жәмийет ҳәм мәмлекет турмысында айрықша әҳмийетке ийе екенлигинен дерек береди.

Тергеў ҳәрекетлери жынаят-процессуал нызамшылығында көпшиликти қурайды. Олар ҳәрқыйлы формаларда әмелге асырылып, айырым пайытларда тергеўшиниң жеке өзи тәрепинен, ямаса прокурор келисими арқалы, ал айрықша жағдайларда болса, суд рухсаты арқалы әмелге асырылады.

Жынаят-процессуал нызамшылығына муўапық тергеў ҳәрекетлери пуқаралардын ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеген жағдайларда тергеўши тергеў ҳәрекетин өткериў ушын судтан рухсатнама алыўы тийис. Айрықша атап өтиўимиз лазым, бундай түрдеги тергеў ҳәрекетлерин нызамлы ҳәм тийкарлы әмелге асырыў әмелиятында суд бақлаўының болыўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда унамлы тәсир етеди.

Сондай-ақ, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерини шеклеўши тергеў ҳәрекетлерине суд арқалы рухсат берилиўи тергеўшиниң процессуал ғәрезсизлигине тәсир етпейди. Керисинше, тергеўшинин суд арқалы қорғаўда болыўына ҳәм ол тергеў ҳәрекетиниң суд арқалы бақлаўда болыўына ерисиледи. Демек, бул ҳалат, өз гезегинде, дәслепки тергеўде жынаят иси бойынша тергеўшиниң өз жумысын иркинишсиз әмелге асырыўға ҳәм оның исине сыртқы тәсир күшлериниң араласпаўына хызмет қылады.

Демек, жынаят процессинде дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўының әмелге асырылыўы тергеў ҳәрекетлерин процессуал анық, нызамлы ҳәм тийкарлы әмелге асырыўға алып келеди.

Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда суд бақлаўының әмелге асырылыўы, яғный, бул тергеў ҳәрекетлерин өткериўде суд тәрепинен рухсат етилиўи елимизде ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўдың зәрүр шәртлеринен бири болып есапланады. Сонлықтанда, айрырым юрист-алымлар пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин

әмелге асырыўда суд бақлаўының кеңейиттирилиўи лазымлығын келтирип өтеди.

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы бир-бирин толтырып турыўшы жынаят-процессуал элементлер болып, олардың ҳәр бири дәслепки тергеў даўамында өзине тән әҳмийетлиликке ийе саналады.

Солай етип, суд бақлаў дәслепки тергеўде әмелге асырылатуғын ҳәм дәслепки тергеў сыпатын тәмийинлеўге хызмет қылатуғын суд искерлиги болып табылады. Суд, дәслепки тергеўде пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери үситнен нызамлылық талапларының сақланыўын сақлай отырып, өз ўәкилликлерин әмелге асырады. Бул жол арқалы суд ҳәкимияты ҳақыйқый ғәрезсизлигин қолға киргизип барады.

# II-БАП. ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДЕ СУД БАҚЛАЎЫН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ ҲӘМ ОНЫ ЖЕТИЛИСТИРИЎДИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ӘҲМИЙЕТИ

## 2.1. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў тәртиби

Пуқаралық жәмийетте ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекетте нызамлар үстин турады. Мәмлекетимиз өзиниң шын мәнисиндеги ғәрезсизлигине ерискеннен соң, парламентимиз тәрепинен көплеп нызамлар қабыл етилип, бул нызамлар пуқаралық жәмийетимиздиң сиясий, социал-экономикалық, мәдений тараўларын ҳуқықый жақтан толық турде тәмийинлеўге қаратылған. Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң ҳақлы рәўиште дунья жүзине «Өзбек модули» деп аты таралған раўажланыўдың басқышпа-басқыш, ҳәр қыйлы экономикалық секириўлерден жат болған эволюцион раўажланыў жолын таңлады. Бул экономикалық ҳәм ҳуқықый раўажланыў жолының туўры екенлигин Өзбекстан Республикасының ҳәзирги ўақыттағы қолға киргизген жеңислери сөзсиз дәлиллеп бармақта. Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»[1] атамасындағы баянаты ҳәм оннан келип шығатуғын ўазыйпалар басқышпа-басқыш раўажланыўдың даўамы болып, мәмлекетимиздиң ҳуқықый тараўының жетилисиўинде үлкен бир қәдем болды. Журтбасымыздың бул баянаты елимизде келешекте мәмлекет ҳәкимияты ҳәм

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

басқарыўын және де демократияластырыў, суд-ҳуқық системасын реформалаў, мәлимлеме тараўын реформалаў, мәлимлеме алыў ҳәм сөз еркинлигин тәмийинлеў, Өзбекстанда сайлаў ҳуқықы еркинлигин тәмийинлеў ҳәм сайлаў нызамшылығын раўажландырыў, пуқаралық жәмийети институтларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў, демократиялық базар реформаларын ҳәм экономиканы либералластырыўды және де тереңлестириўге бағдарланған.

Мәмлекетимиз басшысы өз баянатында ҳәзирги заман ҳуқық тизиминдеги бирқатар айрықша мәселелер бойынша өзиниң мазмунлы пикирлерин билдирип өтти. Журтбасымыз елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары бир жерде турып қалмаўы тийис ҳәм қолға киргизилген жеңислер менен кепилленип қалмастан, суд-ҳуқық реформаларын және де тереңлестириў лазым екенлигине итибар қаратты.

Ҳақыйқатында да, мәмлекетимизде демократиялық жаңаланыўдың ҳәм жетилисиўдиң бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из реформалаў, демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Журтбасымыз әдил рәўиште белгилегениндей, дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийнлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды. Бундай ис-илажлар, өз гезегинде, жынаят-процессуал ҳуқық тараўында судлардың ўәкиллигин асырыўдыда нәзерде тутты. Жынаят-процессуал ҳуқық тараўында судлардың ўәкиллигин асырыў дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириў арқалы мүмкин екенлигин айрықша атап отиўимиз тийис.

Суд бақлаўы ғәрезсиз тәртипте әмелге асырылады. Ғәрезсизлик принципи, әсиресе, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығы үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў ўақтында айрықша сақланыўы лазым. Өзбекстан Республикасының «Судлар ҳаққында»ғы Нызамының 69-статьясы биринши ҳәм екинши бөлимлерине муўапық, «Судьялар әдил судлаўды әмелге асырыў барысында олардың ис-хызметине араласыўына жол қойылмайды. Белгили бир исти ҳәртәреплеме, толық ҳәм қалыс көриўине тосқынлық қылыў ямаса нызамға қарсы келетуғын суд қарарының шығарылыўына ерисиў мақсетинде судьяларға қандай болмасынбелгили бир тәризде тәсир етиў нызамға муўапық жынайый жууапкершиликке себеп болады» деп беккемленген[1].

Суд бақлаўы ҳәм суд ислери қалыс, ҳешкимниң араласыўысыз әмелге асырылыўы лазым. Судда көрилип атырған ямаса көрилген ислерди ўәкилликли болмаған шахслар тәрепинен шахслар тәрепинен бақлаўға алыныўы суд ҳәкимиятынын принциплерине туўры келмейди[2]. Судьялардың ғәрезсизлиги, негизинен алғанда, еки тийкарғы элемент жыйындысынан қуралады. Бул суд ҳәкимияты ҳәм судьялар өзлериниң шөлкемлестириўшилик ғәрезсизлигине ҳәм функционал ғәрезсизлигине ийе дегенди билдиреди[3].

Юрист-алым Д.Ю.Хабибуллаевтың пикиринше, «Суд ҳәкимияты ғәрезсизлиги дегенде, хәкимиятлар бөлиниўи принциплерине муўапық суд ҳәкимиятының нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлардан ғәрезсиз ис жүритиўи, суд ҳәкимияты тек ғана өз ўәкиллиги шегарасына киретуғын ўазыйпалар түсиниледи»[4]. Әлбетте, алымның бул пикири итибарға ылайық.

---

[1] □збекистон Республикаси «Судлар тўғрисмида»ги Қонуни // □збекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2001. - №1-2. – Б. 35.

[2] □збекистон Республикаси Олий судининг Ахборотномаси // Қонун номи билан. 1998. - №2. – Б. 6.

[3] □збекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври // Муаллифлар: А.А.Полвон-зада., Ғ.А.Абдумажидов ва б. – Т.: Адолат, 2002.- Б. 35.

[4] Хабибуллаев Д.Ю. Фуқаролик процессуал ҳуқуқининг тамойиллари ва уларни суд амалиётида тадбиқ этиш муаммолари. Монография // ю.ф.д., проф. Ш.Ш.Шораҳмедовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ. 2008. – Б. 32-33.

Белгили болғанындай, судлардың өз ис-хызметин әмелге асырыўдың өзине тән тәрепи соннан ибарат, олар, улыўма қағыйда бойынша, барлық мәселелерди суд мәжилисинде додалаў жолы менен әмелге асырады. Себеби, суд мәжилиси – теориялық ҳәм әмелий тәрептен өзин ақлап киятырған тараў есапланады. Суд ҳәкимияты өз ўәкилликлерин усы ис жүритиў түри арқалы, яғный додалаў жолы арқалы әмелге асырады. Нызамда белгиленген тәртип тийкарында әмелге асырылатуғын бул ис жүритиў түри жынаят судлаў ислерин жүритиўдеги ўазыйпаларда орынлаўда жәрдем береди. Булардан болса, өз гезегинде, шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет бирдей мәпдар есапланады. Ең әҳмийетлиси, ҳуқықый мәпке ийе болған қатнасыўшылар (гүман қылыныўшы, айыпланыўшы), олардың атынан ис жүргизиўши шахслар (қорғаўшы, нызамлы ўәкил), пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер, сондай-ақ дәлиллеў мәжбүрияты жүклетилген ўәкилликли шахслар (сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор) демократия ҳәм суд мәдениятына тийкарланған ҳалда улыўма ҳәм жеке мәплерди нызамлы ҳәм тийкарлы шешилиўине ериседи. Дәслепки тергеў дәўиринде болса, суд мәжилисин өткериў тәртиби жынаят-процессуал нызамшылық бойынша анық белгиленген. Булар қамаққа алыўға санкция бериў, лаўазымынан шетлеттириў ҳ.т.б.лардан ибарат.

Соның менен бирге, судларға шахстың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлерин өткериўге рухсат бериў функцияларын жүклеў барысында судлар, бул ислерди көрип шығыўда, аймақлық жақтан тийислилик мәселесин шешип алыўы лазым. Себеби, тергеў ҳәрекетлерин өткериўге рухсат бериў барысында жынаят ислериниң аймақлық тийислилик мәселеси жынаят исин жүритиўге жуўапкер болған ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм лаўазымлы шахсларға ўәкиллик бериўши ең биринши тийкар болып есапланады.

Процессуал алымлардың көпшилиги бул функциялар дәслепки тергеў жүргизилип атырган жерде жайласқан судьялар тәрепинен әмелге

асырылыўы лазым деген пикирде. Айтып өтиўимиз тийис, бул пикир көпшилик тәрепинен тән алынған[1]. Бирақ бул барада жынаят исин көрип атырған судтың, ол тәрепинен илгери, яғный дәслепки тергеў дәўиринде баклаў тәртибинде дәлиллерди тексериў ўақтында пайда болған көз-қарасынан кутылыў, қалыслықты сақлап қалыў машқаласы пайда болады. Яғный, дәслепки тергеў ўақтында судья бақлаў алып барып атырған ўақытта дәлиллерди көреди, тексереди ҳәм баҳа береди. Соңынан болса, тәбиийий рәўиште, өз ишки исеними тийкарында белгили бир қарар қабыл етеди ҳәм, сол ис бойынша суд додлаўы ҳәм тергеўи дәўириндеда сол ишки исенимин қорғаўға ҳәрекет етеди. Бул ҳалат, әлбетте, ҳуқықый тиқарға ийе ҳәм заманагөй нызамшылық талапларына толық жуўап береди.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 243-статьясына муўапық, қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы илтимаснама жынаят исленген ямаса дәслепки тергеў жүритилип атырган судының судьясы тәрепинен көрилип шығылады. Мәмлекетимиздиң жынаят-процессуал нызамшылығына жақын арада киритилген бул өзгерис тийкарында тергеў ҳәрекетин өткериўге рухсат бериў ҳаққындағы илтимаснаманы жынаят исиниң тийислилигине қарай, яғный дәслепки тергеў жүритилип атырған жайдағы жынаят ислери бойынша район (қала) судының судьялары шешиўи теориялық ҳәм әмелий тәрептен өзин ақлаған ҳуқықый норма болып саналады.

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009; Жиноят процесси (умумий қисм): юридик институт ва факультетлари талабалари учун дарслик (Иноғомжонова З.Ф.нинг умумий тахрири остида.).-Т.:ТДЮИ,2008; Дониёров М.А. Фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар (қарорлар) устидан берилган ариза ва шикоятларни судда кўришнинг процессуал хусусиятлари.-Т.: "NIHOL",2007.; Раззакова Н.С. Судга шикоят қилиш – конституциявий ҳуқуқ // «Ўзбекистон Республикаси Конституцияси – жиноят-процессуал қонуниниг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 296-300; Шодиев Ғ. Фуқароларнинг ҳуқук ва эркинликларини чекловчи тергов ҳаракатилари қонунийлиги ва асослилиги устидан суд назоратини амалга ошириш тартиби // «Жиноят ҳуқуки ва жиноят процнссининг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Т.: ТДЮИ, 209. – Б. 91-98; Мамадиев С.Н. Жиноят процессининг судгача босқичларида шикоят ҳақида айрим мулоҳазалар // «Жиноят ҳуқуки ва жиноят процнссининг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Т.: ТДЮИ, 209. – Б. 21-29; ҳ.т.б.

Лекин, айырым илимпазлар жынаят исиниң тийислилик мәселелери бойынша өз пикирлерин билдир өткен[1]. Көпшилик авторлар болса альтернатив тийислиликти нәзерде тутыў зәрүр екенлиги ҳаққында пикир жүритеди[2]. Соның менен бирге, айырым изертлеўшилердиң нәзеринше нызамда судлаўдың тийислигиги ҳаққындағы ҳәртүрли тәртип пуқаралардың жынаят ислеген мәкандағы суд тәрепинен әдәлатлы жазаға тартылыў конституциялық ҳуқықын бузады, себеби, район (қала) судларының үштен бир бөлеги бир қурамдағы судлардыр[3].

Бул жерде айтып өтиўими лазым, әлбетте, бул алымлардың пикири белгили бир джәрежеде итибарға ылайық. Лекин, район (қала) судларының суд қурамының үштен бир бөлегиниң бир қурамға ийе болыўы олардың жынаят көриўде үлгермей атырғанлығынан дерек бермейди. Мәмлекетимиздеги суд ҳуқық реформалары ҳәм жынаят ислери бойынша судлаў әмелияты нәтийжелерине көре, район (қала) судлары өзлерине жүклетилген мәжбүриятларды толық орынлап, жынаят ислерин өз ўақтында көрип шықпақта.

Итибар қаратыўымыз лазым болган және бир мәселе, бул дәслепки тергеўде суд бақлаўы тергеўшиниң илтимаснамасы тийкарында әмеле асырылады. Бул орында болса, тергеўшиниң илтимаснамасында қандай мәселелер көрсетилиўи лазым, деген сораў туўылыўы тәбийий. Тергеўши өз илтимаснамасын тийкарлап бериўде төмендегилер көрсетилиўи лазым:

- илтимаснама усынылып атырған ҳуқық қорғаў уйымының атамасы;

- илтимаснаманы дүзип шыққан тергеўшиниң аты, фамилиясы, лаўазымы, атағы ямаса дәрежеси;

- белгили бир тергеў ҳәрекетин өткериўди рухсат бериўди тийкарландырыў ушын жетерли болған фактик мағлыўматлар;

---

[1] Мәселен, қараң.: Ляхов Ю.А.Сущность и тенденции развития уголовно-процессуальной политики. Автореф… докт…юрид..наук. – м.: 1994. – Б. 34; Секлезнев М.М. Процессуальные вопросы судебной проверки законности и обоснованности арестов // Законность. -1993. -№7. –Б. 42-44.

[2] Пашин С. Практика обжалований в суд ареста // Законность. 1994. -№7. – Б. 40.

[3] Изотова О. Обжалование в суд следственных действий // Законность. 1996. -№8. –Б. 46.

- жәмийетлик қәуипли ҳәрекеттиң тергеўши тәрепинен баҳаланганлығы;

- тергеў ҳәрекети түри ҳәм оның өткерилетуғын орны;

- тергеў ҳәрекетинен көрилетуғын унамлы тәреплер ҳәм күтилетуғын нәтийжелер;

- табылыўы ҳәм қолға киритилиўи мүмкин болған дәлиллер ҳәм мағлыўматлар түри;

-тергеў ҳәрекетин өткериў мүддетиниң даўамлылығы.

Жоқарыда көрсетип өтилген процессуал ҳүжжетлерди тергеўши судқа усыныс етеди. Соңынан болса, суд дәслепки тергеў даўамында процессуал ҳәрекетлерди өткериўдиң мақсетке муўапықлылығы ҳәм тийкарлылығын көрип шығады. Кейнинен, тийисли тәртипте рухсат бергеннен соң тергеўши тийисли процессуал ҳәрекетлерди өткериў арқалы ис ушын әҳмийетли болған дәлиллерди ҳәм зәрүр мағлыўматларды қолға киргизеди, ал, суд болса, тергеў ҳәрекетлериниң барысы ҳәм нәтийжеси менен танысып шығыў ўәкиллиги арқалы процессти бақлап турады. Бундай ҳуқықый норма жынаят процессинде *дәслепки тергеўде суд бақлаўы* деп аталады.

Итибар бериўимиз лазым болған және бир мәселе, бул тергеўши илтимаснамасының жетерли дәрежеде тийкарланбаған ҳалатларда судья не қылыўы лазым, деген сораў болып саналады. Бул жерде судья ушын еки түрли бағдар келип шығады: тергеўшиниң илтимаснамасыны тийкарлаў ушын қосымша мағлыўматлар талап етиў ямаса илтимаснаманы қанаатландырмаў. Улыўма қағыйда бойынша, тергеўши илтимаснамасының жетерли дәрежеде тийкарланбаған болса судья илтимаснаманы қанаатландырмаўы лазым.

Пикиримше, тергеўшиниң илтимаснамасыны тийкарлаў ушын қосымша мағлыўматлар талап етиўи судьяның айыплаў тәрепинен қандай да бир дәрежеде аўып кетиўине алып келиўи мүмкин. Пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши айырым процессуал

мәжбүрлеў шараларын (қамаққа алыўға санкция бериў, лаўазымына шетлеттириў, шахсты медициналық мекемеге жайластырыў) қоллаўда суд қарары менен әмелге асырылыўы дәслепки тергеўде суд бақлаўының *ҳуқық қорғаўшылық* функциясы болып табылады. Суд бақлаўының дәслепки тергеўдеги бул ҳәрекетин дәлиллеўге қаратылған ҳәрекетлер деп те айтылады. Себеби, дәлиллеўдиң объекти қамаққа алыў ямаса қамақта услап турыў ҳаққындағы, тийисли процессуал мәжбүрлеў шарасын өткериў ҳаққындағы тергеўши илтимаснамасының нызамлылығын ҳәм тийкарланғанлығын тастыйықлаў ямаса илтимаснаманы қанаатландырыўдан бас тартыў судьяға жүкленеди. Бул қағыйда, өз гезегинде, тергеўшиниң судьяның алдына ис материалларын толық тийкарлап алып барыўын талап етеди.

Бул мәселе бойынша юрист-алым Ғ.Шодиев төмендегише пикир билдиреди: «Судьянын бул ис-хызметин нәтийжели, әдил ҳәм нызамлы тәризде әмелге асырыў ушын судьяға дәлиллеўде жеке мәплерине ийе болған гүман қылыныўшы, айыпланыўшы, олардың қорғаўшысы, нызамлы ўәкили, дәлиллеў мәжбүрияты жүклетиген сорастырыўшы, тергеўши, прокурор тәрепинен усынылс етилген материаллар ҳәмолардың түсиндириўлери жәрдем бериўи мумкин»[1]. Әлбетте бул пикир белгили бир дәрежеде логикалық тийкарға ийе.

Демек, дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлериниң нызамлылығы ҳәм тийкарлылығын тәмийинлеў менен бир қатарда процессуал ҳәрекетлердиң сыпатлы орынланыўына хызмет етеди.

Жынаят-процессуал нызамшылығы бойынша, суд дәслепки тергеў ўақтында төмендеги процессуал ҳәрекетлерди қоллаў ҳәм барысын бақлап барыў судтың ўәкиллигине тийисли:

---

[1] Шодиев Ғ. Фуқароларнинг ҳуқук ва эркинликларини чекловчи тергов ҳаракатилари қонунийлиги ва асослилиги устидан суд назоратини амалга ошириш тартиби // «Жиноят ҳуқуки ва жиноят процнссининг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Т.: ТДЮИ, 209. – Б. 91-98

- процессуал мәжбүрлеў шарасы болған услап турыўдың 72 саатлық мүддети өткеннен соң тергеўшиниң илтимаснамасына муўапық 48 саатқа шекем созыў;

- қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын тергеўшиниң прокурор разы болған илтимаснамасына муўапық көрип шығыў ҳәм қолланыў;

- жетерли тийкарлар бар болған жағдайларда айыпланыўшыны, судланыўшыны лаўазымынан шетлеттириў;

- шахсты медициналық мекемеге жайластырыў;

- амнистия актин қоллаў ушын тийкарлар бар болған жағдайда, сорастырыўшы, тергеўшиниң тергеўге шекем өткерилген тексериў материалларын ямаса жынаят исин қайсы шахсқа қарата амнистия актин қоллаў ҳаққындағы мәселе көрилип атырған болса, сол шахстың, гүман қылыныўшының, айыпланыўшышың арзасы ҳәмде амнистия актине муўапық жынаят исин қозғатыўдан бас тартыў ҳаққында ямаса жынаят исин тамамлаў ҳаққындағы илтимаснамасын көрип шығады.

Әлбетте, судтың жынаят исин жүритиў ўақтындағы ўәкилликлери жоқарыдағылар менен шекленип қоймайды, судтың ўәкилликлери жүдә кең. Бирақ бундай ўәкилликлер сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор менен бир қатарда судқа да берилген ҳәм суд оларды жынаят исин суд додалаўы ўақтында әмелге асырады. Жоқарыда болса дәслепки тергеў ўақтында тек ғана судтың ўәкиллигине тийисли болған процессуал ҳәрекетлер көрсетип өтилген. Судья, өз ўәкилликлерин әмелге асырыў арқалы дәслепки тергеўде суд бақлаўын алып барады.

Дәслепки тергеў ўақтында суд тәрепинен әмелге асырылатуғын процессуал ҳәрекетлердиң бири, бул процессуал мәжбүрлеў шарасы болған услап турыўдың 72 саатлық мүддети өткеннен соң тергеўшиниң илтимаснамасына муўапық 48 саатқа шекем созыў болып есапланады.

Услап турыў дәслепки тергеўде ең кең тарқалған процессуал мәжбүрлеў шарасы болып табылады. Ол жынаят иси қозғатыламан дегенше

ямаса жынаят иси қозғатылғаннан кейин ҳәм қолланылыўы мүмкин. Услап турыўдың және бир өзине тән өзгешелиги, бул оның тек ғана ҳуқық қорғаў уйымы хызметкери тәрепинен емес, бәлқи қатнасық уқыплылығына ийе болған ҳәрқандай шахс тәрепинен әмелге асырылыўы мүмкин. Бул бойынша юридика илимлери докторы, проф. Ғ.Абдумажидовтың пикиринше, услап турыў ҳәрекетин әмелге асырыў даўамында ямаса оннан кейин дәрҳал ҳуқық қорғаў уйымларына хабар бериў яки услап турыўдан алдын бул жайда болған ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлерине мүрәжәәт етип, олардың жәрдеминен пайдаланыў лазым[1].

Услап турыў мүддети тамамланаман дегенше ҳәм тийкарлар бар болғанда шахс айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыяға тартылыўы, оған айып жәрияланыўы, Жынаят-процессуал кодексиниң 109-112-статьяларындағы қағыйдалар бойынша сораў қылыныўы ҳәм Жынаят-процессуал кодексиниң 236-240-статьялары қағыйдаларына әмел қылған ҳалда ықтыят шарасын таңлаў ҳаққындағы мәселе шешилиўи зәрүр.

Айырым жағдайларда гүман қылыныўшыға қарата суд тәрепинен Жынаят-процессуал кодексиниң 243-статьясында белгиленген тәртипте қамақта сақлаў тәризиндеги ықтыят шарасы қолланылыўы мүмкин. Бундай жағдайларда гүман қылыныўшыға ол усланған күннен баслап 10 күн мүддет ишинде айып жәрияланыўы лазым. Айып жәрияланбаған жағдайда ол қамақтан азат етиледи[2].

Жынаят иси козғатылғаннан кейин ҳәм дәслепки тергеўдиң пүткил мүддети даўамында сорастырыўшы, тергеўши услап турыўдың нызамлылығы, тийкарлылығы ҳәмде жынаяттың сол гүман кылыныўшы тәрепинен исленгенлигин тастыйықлаўшы мағлыўматларды топлаў бойынша тергеў ҳәрекетлерин өткериўи мүмкин. Жетпис еки саат ишинде шахстың

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 357.

[2] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 358-539.

тийкарсыз ҳәм нызамсыз услап турылғанлығы белгили болса, услап турыў тәризиндеги процессуал мәжбүрлеў шарасы бийкар қылынып, шахс дәрҳәл азат етиледи. Шахсқа тийкарсыз ҳәм нызамсыз услап турылғанлығы себепли жеткерилген зыян Жынаят-процессуал кодексиниң 235-статьясында белгиленген тәртипте қапланады. Ал, реабилитация етилген шахсқа жеткизилген мәнәўий зыян пуқаралық суд исин жүритиў тәртиби арқалы көрип шығылады[1].

Судтың дәслепки тергеўдеги және бир ўәкиллиги, бул қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын тергеўшиниң прокурор разы болған илтимаснамасына муўапық көрип шығыў ҳәм қолланыў ўәкиллиги болып саналады.

Қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасы Жынаят-процессуал кодексиниң 242-статьясына муўапық Жынаят кодексинде 3 жылдан артық мүддетке азатлықтан айырыў тәризиндеги жаза нәзерде тутылған қасттан исленетуғын жынаятларға тийисли ҳәмде абайсызлықтан исленип, Жынаят кодексинде бес жылдан артық мүддетке азатлықтан айырыў тәризиндеги жаза нәзерде тутылған жынаятиларға тийисли ислер бойынша қолланылады.

Қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасы айырым жағдайларда:

- айыпланыўшы, судланыўшы тергеў ямаса суддан жасырынған жағдайда;

- услап турылған гүман қылыныўшының шахсы анықланбаған жағдайда;

- илгери қолланылған ықтыят шарасы айыпланыўшы ямаса судланыўшы тәрепинен бузылған жағдайда;

- услап турылған гүман қылыныўшы. Айыпланыўшы ямаса судланыўшы Өзбекстан Республикаси аймағында турақлы жасаў жайына ийе болмаған жағдайда;

---

[1] □збекстан Республикасы Жоқары суды Пленумының «Мәнәўий зыянды қаплаў ҳаққындағы нызамларды қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 200-жыл 28-апрельдеги 7-санлы қарары // □збекстан Республикасы Жоқары суды Пленумы қарарларының топламы. II том. – Т.: Uqituvchi, 2007. – Б. 12.

- жынаят қамақ ямаса азатлықтан айырыў тәризиндеги жазаны өтеў дәўиринде исленген жағдайларда, қолланылыўы мүмкин.

Қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасы услап турыў сыяқлы шахстың еркинлигин, Өзбекстан Республикаси Конституциясының 25-статьясындағы жеке қол қатылмаслық ҳуқықын шеклеў менен байланыслы болған ең аўыр ықтыят шарасы болып есапланады. Бул бойынша юридика илимлери докторы, проф. Ғ.Абдумажидов ықтыят шарасы сыпатында қамаққа алыў нызмлы ҳәм тийкарланған болыўы лазым. Шахсты нызамсыз ҳәм тийкарланбаған тәризде қамақта сақлаў, бул шараны өзбасымшалық пенен қоллаў – инсан ҳуқықларын қопал рәўиште бузыў болып саналады, деп пикир билдиреди[1]. Алымның бул пикири, әлбетте, ҳәзирги суд-ҳуқық реформалары дәўиринде үлкен әҳмийетке ийе.

Жынаят-процессуал кодексиниң 242-статьясының үшинши бөлимине муўапық, прокурор қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағ илтимаснаманың тийкарлылығын тексерип, оған разы болган жағдайда илтимаснама қозғатыў ҳаққындағы қарарды ҳәм зәрүр материалларды судқа жибереди. Егер илтимаснама услап турылған гүман кылылыныўшы ямаса айыпланыўшыға қарата қозғатылтуғын болса, қарар ҳәм тийисли материаллар услап турыў мүддети тамамланыўына кеминде 12 саат алдын судқа жиберилиўи лазым.

Қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы илтимаснама жынаят исленген ямаса дәслепки тергеў журитилип атырған жайдағы жынаят ислери бойынша район (қала) судының, округ, аймақлық әскерий судының судьясы тәрепинен, бул судлардың судьясы болмаған ямаса ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы материалды көрип шығыўда оның қатнасыўын бийкарлаўшы ҳалатлар бар болған жағдайда, жынаят ислери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқары суды, жынаят ислери

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 390.

бойынша ўәләят, Ташкент қалалық суды, Өзбекстан Республикасы Әскерий суды баслығының көрсетпесине муўапық басқа тийисли судтың судьясы тәрепинен жеке тәртипте көрип шығылады.

Қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы илтимаснама жабық суд мәжилисинде материаллар келип түскен пайыттан баслап он еки саат ишинде, лекин услап турыўдың ең көп мүддетинен кешиктирилмей суд тәрепинен көрип шығылады. Бул мәселе бойынша шығарылғаг суд уйғарыўының үстинен апелляция шикаяты яки протести болса Жынаят-процессуал кодексиниң 241-статьясының екинши бөлиминде нәзерде тутылған қағыйдаларға муўапық берилиўи мүмкин.

Айтып өтиўимиз тийис болған және бир мәселе, бул қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ямаса оның мүддетин узайттырыў мәселеси бойынша шығарылған суд уйғарыўы үстинен кассация шикаяты (протести), бақлаў тәртибиндеги шикаят (протест) бериў тәртибиниң жынаят-процессуал нызамшылығында нәзерде тутылмағанлығы болып есапланады. Сонлықтан, апелляция инстанциясы суд тәрепинен қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ямаса оның мүддетин узайттырыў мәселеси бойынша шығарылған үзил-кесил есапланып, дәрҳал орынланыўы лазым ҳәм оның үстинен бақлаў тәртибиндеги шикаят (протест) билдирилиўине жол қойылмайды.

## 2.2. Дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириўдиң процессуал әҳмийети

Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигиген ерискеннең соң суд ҳәкимияты жәмийетте нызам үстинлигин тәмийинлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, олардың нызамлы мәплерин қорғаўшы уйымға айланды. Суд уйымларының жәмийетте «әдиллик тәрезисиниң бас қадағалаўшысы» болыўын тәмийинлеў, әлбетте, ҳәзирги заман ҳуқық талаплары менен бир

қатарда, жүдә қыйын мәселе саналады. Сонлықтан бул тараўда еле шешимин күтип жатырған айырым ҳуқықый мәселелер ушырасады. Бул тийкарда мәмлекетимиз Президенти Ислам Каримов өз мийнетлеринде биринши орында судлардың ҳақыйқый ғәрезсизлиги ҳәм еркинлигин тәмийинлеў менен лазым екенлигин ҳәм жынаят-процессуал нызамшылығымыздың дәслепки тергеў ҳәм судқа шекем болған процесси үстинен суд бақлаўын жетилистириў менен байланыслы болған айырым қағыйдаларды қайтадан көрип шығыў зәрүрияты келип шыққанлығын белгилеп өтеди[1].

Бугинги кунде Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапық ҳәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин, сондай-ақ нызамлы мәплерин суд арқалы қорғаў ҳуқықы кепилленеди. Бунда, Инсан ҳуқықлары Дунья жуўзилик Декларациясының 8-статьясында айтылғанындай: «Ҳәр бир инсан оған Конституция яки нызамлар усынған тийкарғы ҳуқықлары бузылған жағдайларда бундай ҳуқықлардың ўәкилликли миллий судлар тәрепинен нәтийжели қайта тиклениўин талап қылыў ҳуқықына ийе»[2]. Буннан тысқары, халық аралық нормалар мәмлекетлердиң суд қорғаўында болыў имканиятларын раўажландырыў барысындағы мәжбүриятын анық көрсетип өтеди[3]. Бул халықаралық ҳүжжетлер, жоқарыдағылар менен бир қатарда, суд қорғаўында болыў, судқа мурәжәәт етиў ҳәм судқа шағым бериў ҳуқықлары ҳ.т.б.ларды өз ишине алады.

Әдил судқа толық мурәжәәт қылыўға байланыслы мәселелер ҳәрдайым мәмлекетлер ҳәм халық аралық шөлкемлердиң дыққат орайында болып келеди. Егер судқа мурәжәәт қылыў мумкин болмаса, онда, әсиресе, демократия идеялары көрсетилген шараятта оның барлығына да қәжет болмайды. Бугунги кунде судқа толық мурәжәәт қылыў принципиниң төмендеги қағыйдалары,

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

[2] Инсан ҳуқықлары бойынша Дунья жузилик Декларациясы

[3] Международные акты о правах человека. Сборник документов. -М., Изд. Группа Норма-Инфра. М., 1999.

яғный: суд ислери, аймақ, халықтың саны ҳәм усы сыяқлыларға жетерли болған судлар ҳәм судьялар санының тәмийнлениўи; қәнийгели юристлер көрсететуғын ҳуқықый жәрдемниң жетерли болыўы; бийпул әдил судлаў исиниң тәмийнлеўи (пуқаралық ислери бойынша мәмлекет бажылары муғдарының кемейттирилиўи ҳәм белгили қатламдағы шахслардың оны төлеўден толық азат етилиўи); судта ис көриўге байланыслы қағыйдалардың әпиўайыластырылыўы әҳмийетли мәселе саналады.

Өзбекстан Республикасының Конституциясының 44-статьясында «Ҳәр бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекет органлары, лаўазымлы шахслар, жәмәәт бирлеспелериниң нызамсыз ис-ҳәрекетлери устинен судқа шағым етиў ҳуқықы кепилленеди» деп көрсетилген. Бул қағыйда бирқатар нызам ҳужжетлери, соның ишинде Өзбекстан Республикасының 1995-жыл 30-августта қабыл етилген «Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын ис-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар устинен судқа шағым етиў ҳаққында»ғы Нызамында анықластырылған.

Суд ҳәкимияты ўәкилликлери шегарасының кеңейиўи менен жынаят-процессуал ҳуқық теориясында дәслепки тергеў ҳәм сорастырыўды әмелге асырыўдың нызамлылығ үстинен суд бақлаўын әмелге асырыў лазымлығы ҳаққындағы пикирлер кең тарқала баслады. Тийисли ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен тек ғана прокурорға емес, бәлким судьяғада шикаят бериў мәселесин үйрениўде дыққатқа сазаўар. Себеби, бул бағдар пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда қосымша кепиллик болып хызмет қылады[1].

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәзирги дәўирде нызамда белгиленген тәртипте әмелге асырылмақта ҳәм, көпшилик жағдайларда, процессуал мәжбүрлеў шараларының қолланылыўы дәўиринде әмелге асырылады. Лекин, айырым процессуалист алымлар суд бақлаўының жәнеде

[1] Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н. Шикоят жиноят процессига суд назоратининг кирип келишининг воситаси сифатида // «□збекистон Республикаси Конституцияси жиноят-процессуал қонунининг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Тошкент, ТДЮИ, 2009. – Б.5.

жетилистирилиўи лазымлығына итибар қаратып, бул мәселе тийкарында уўренилиўи лазым болған қатар ҳуқықый нормалардың бар екенлигин көрсетип өтеди. Усы тийкарда, процессуалист алымлар З.Ф.Иноғомжонова ҳәм С.Н.Мамадиевлар: «Суд-тергеў әмелиятын талқылаў жынаят-процессуал нызамында судқа шекемги басқышларында шикаят қылыў бойынша бирқатар машқалалардың бар екенлигин көрсетеди. Пикиримизше, бул машқалалар өзегинде тийкарынан жынаят процессиниң судқа шекемги басқышында жынаят исин жүритиўши лаўазымлы шахслардың қарарлары ҳәм ҳәрекетлери үстинен судқа шикаят қылыў институты теориялық жақтан толық ҳәм бир тәртипте ислеп шығылмағанлығы жатады.

Судқа сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурордың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ҳәм қарарлары үстинен берилген шикаятларды көрип шыгыў ҳәм шешиў менен байланыслы болған процессуал ўәкилликлердиң берилиўи, судқа шикаят қылыў тийкарлары ҳәм предметлериниң кеңейиўи, жынаят-процессуал нызамшылықтың судда ислерди жүритиўде тартысыў принципин судқа шекемги ис жүритиў дәўиринеде қолланыўы тәрепине қарай раўажланыўы жынаят процессиниң судқа шекемги басқышларында судтың ис-хызметине улыўма басқаша көз-қарас пенен қараўды талап қылады.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал нызамшылығының сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурордың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ҳәм қарарлары судқа шикаят қылыўшы тәртибин белгилеўши қағыйдаларды әмелге асырыў әмелияты бул институттың раўажланыў тенденцияларын анықлаў, оның жынаят процессиндеги орны ҳәм роли ҳаққындағы теориялық қағыйдаларды қайта талқылаў, оның раўажланыў барысын анықлаў мақсетинде пухта илимий изертлеўди талап етеди» деп пикир билдиреди[1].

---

[1] Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н. Шикоят жиноят процессига суд назоратининг кирип келишининг воситаси сифатида // «□збекистон Республикаси Конституцияси жиноят-процессуал қонунининг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Тошкент, ТДЮИ, 2009. – Б.5.

Солай етип, дәслепки тергеў дәўиринде суд бақлаўын жетилистириў ҳаққындағы мәселе жынаят-процессуал ҳуқықы теориясында айрықша әҳмийетке ийе болған мәселе болыўы менен бирқатарда, ҳәзирги заман ҳуқықый системасының тийкарғы талапларынан бири болып есапланады. Сонлықтан, процессуалист алымлар З.Ф.Иноғомжонова ҳәм С.Н.Мамадиевлар нызамлылықты беккемлеў, пуқаралардың ҳуқык ҳәм еркинликлерин, олардың нызамлы мәплерин тәмийинлеў, сондай-ақ Тийкарғы Нызамның 44-статьясында белгиленген «ҳар бир шахсқа өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекетлик органлар, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелердиң нызамсыз ҳәрекетлери үстинен судқа шикаят қылыя ҳуқықының кепиллениўи» ҳаққындағы норманың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 358-статьясына суд ўәкиллигин жетилистириў менен байланыслы болган нормалардың киритилиўин усыныс етеди[1].

Яғный, Жынаят-процессуал кодексиниң 358-статьясының биринши бөлимин тергеўшиниң ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикаят тергеў бөлиминиң баслығы ҳәм жынаят исин тергеўде нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў алып барыўшы прокурорға ямаса судқа; бул статьяның екинши бөлиминде прокурордың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикаят жоқары турыўшы прокурорға ямаса судқа берилиўи мүмкин деген усынысларды билдирип өтеди. Әлбетте, бундай усыныслар жынаят-процессуал нызамшылықтың жәнеде жетилисиўине ҳәм заманагөйлесиўине хызмет қылады. Ҳәм, сол тийкарда, авторлар тәрепинен келтирилген бул усынысты қоллап-қуўатлайман. Пикиримше, дәслепки тергеўде суд ўәкиллигиниң жоқарыда көрсетилген тәртирте жетилистириўи суд ғәрезсизлигиниң жәнеде тәмийинлениўине хызмет қылады.

---

[1] Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н. Шикоят жиноят процессига суд назоратининг кирип келишининг воситаси сифатида // «□збекистон Республикаси Конституцияси жиноят-процессуал қонунининг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материллари. – Тошкент, ТДЮИ, 2009. – Б.7.

Солай етип, суд бақлаўы жынаят процессиндеги орайлық процессуал мәселелердиң бири болып қалмастан, бәлким, дәслепки тергеўдиң сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўши тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын судтан рухсат алады ҳәам бул тергеў ҳәрекети суд бақлаўында болады. Бул болса, өз гезегинде, тергеў ҳәрекетлериниң тосқынлықсыз әмелге асырылыўын кепиллестирип, тергеўшиниң қандайда бир дәрежеде «суд қорғаўында» болыўын тәмийинлейди ҳәм дәслепки тергеў жумысына ҳеш бир шахстың араласыўын жол қоймайды.

Демек, суд бақлаўы, өз гезегинде, дәслепки тергеўде нызамлылықтың жәнеде тәмийинлениўине унамлы тәсир етип, жынаят исин жүритип атырған тергеўшиниң процессуал статусын жоқарылатады. Лекин, суд бақлаўы барлық тергеў ҳәрекетлерине емес, тек ғана пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши жәнe мәжбүрлеў характерине ийе тергеў ҳәрекетлерине қолланылады. Сол себепли, итибар қаратыўымыз лазым болған жәнe бир мәселе, бул Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң XVIII-бабы 148-статьясында көрсетилген ҳәм өликти эксгумация қылыў менен байланыслы болған тергеў ҳәрекети болып табылады.

Жынаят-процессуал нызамшылықтың бул статьясына муўапық, көзден кешириў, танып, тексериў ҳәм экспертизаға үлгилер алыў ушын өликти қабирден шығарып алыў зәрүр болған жағдайларда сорастытыўшы, тергеўши бул ҳаққында қарар шығарады ҳәм прокурордың санкциясын алады. Суд эксгумацияны сорастырыў органына ямаса тергеўшиге тапсырыўы мүмкин болып, бул ҳаққында уйғарыў шығарады.

Бул жерде итибар қаратыўымыз лазым болған мәселе, өликти эксгумация қылыў, яғный өликти қәбирден қазып алыў марҳумның жақын туўысқанларына руўхый зыян келтирип, олардың ҳукықларын белгили бир дәрежеде шеклеўи ямаса кемситиўи мүмкин. Бирақ тергеўши ямаса сорастырыўшы бул тергеў ҳәрекетин әмелге асырыў ушын дерлик көпшилик

жағдайларда прокурор санкциясы арқалы әмелге асырылады. Әлбетте, суд бул тергеў ҳарекетин әмелге асырыўда белгили бир дәрежеде қатнасыўы, лекин, көпшилик ҳалларда суд процесси даўамында ямаса исти суд тәрепинен қайта тергеўге қайтарылып атырған ўақытларда. Туўры, бул жерде өликти эксгумация қылыў менен байланыслы тергеў ҳәрекетиниң прокурор санкциясы арқалы әмелге асырылыўы оның сыпатына кери тәсир етип атыр, деген пикирден жырақпыз. Лекин, суд бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери үстинен әмелге асырылыўы лазым екенлигин итибарға алсақ, бул тергеў ҳәрекетине рухсат бериў прокурор санкциясы арқалы емес, бәлким, суд рухсаты арқалы әмелге асырылыўы тийис деген пикирдемиз.

Айтып өтилгенлерге тийкарланып, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң XVIII-бабында орын алған 148-статьясын төмендегише өзгертилиўин усыныс етип келтиремиз:

**«148-статья. Өликти эксгумация қылыў.**

**Көзден кешириў, танып, тексериў ҳәм экспертизаға үлгилер алыў ушын өликти қабирден шығарып алыў зәрүр болған жағдайларда сорастытыўшы, тергеўши бул ҳаққында қарар шығарады ҳәм илтимаснама келтириў арқалы судтың рухсатнамасын алады. Суд эксгумацияны сорастырыў органына ямаса тергеўшиге тапсырыўы мүмкин болып, бул ҳаққында уйғарыў шығарады».**

Пикиримизше, көзден кешириў, танып, тексериў ҳәм экспертизаға үлгилер алыў ушын өликти қабирден шығарып алыў зәрүр болған жағдайларда сорастытыўшы, тергеўшиниң илтимаснама келтириў арқалы судтың рухсатнамасын алыўы дәслепки тергеўде суд бақлаўының жетилистирилиўине хызмет етеди. Бул фактор болса, өз гезегинде, мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының тийкарғы ҳәм баслы мақсетлеринен бири болып табылады, сондай-ақ,

жынаят процессинде дәслепки тергеўдиң сыпатлы әмелге асырылыўы, суд бақлаўының жетилистирилиўине унамлы тәсир етеди.

Солай етип, дәслепки тергеўде суд бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерини шеклеўши ямаса мәжбүрлеў сыпатына ийе болған тергеў ҳәрекетлери үстинен әмелге асырылады. Бул мәселе жынаят процессинде ҳәзирге шекем әҳмийетли ҳәм тартыслы мәселелердин бири болып есапланып, еледе жетилистириўди талап етеди.

## Екинши бап бойынша жуўмақлаў

Жынаят-процессуал нызамшылығы бойынша, суд дәслепки тергеў ўақтында төмендеги процессуал ҳәрекетлерди қоллаў ҳәм барысын бақлап барыў судтың ўәкиллигине тийисли:

- процессуал мәжбүрлеў шарасы болған услап турыўдың 72 саатлық мүддети питкеннен соң тергеўшиниң илтимаснамасына муўапық 48 саатқа шекем созыў;

- қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын тергеўшиниң прокурор разы болған илтимаснамасына муўапық  көрип шығыў ҳәм қолланыў;

- жетерли тийкарлар бар болған жағдайларда айыпланыўшыны, судланыўшыны лаўазымынан шетлеттириў;

- шахсты медициналық мекемеге жайластырыў;

- амнистия актин қоллаў ушын тийкарлар бар болған жағдайда, сорастырыўшы, тергеўшиниң тергеўге шекем өткерилген тексериў материалларын ямаса жынаят исин қайсы шахсқа қарата амнистия актин қоллаў ҳаққындағы мәселе көрилип атырған болса, сол шахстың, гүман қылыныўшының, айыпланыўшышың арзасы ҳәмде амнистия актине муўапық жынаят исин қозғатыўдан бас тартыў ҳаққында ямаса жынаят исин тамамлаў ҳаққындағы илтимаснамасын көрип шығады.

Әлбетте, судтың жынаят исин жүритиў ўақтындағы ўәкилликлери жоқарыдағылар менен шекленип қоймайды, судтың ўәкилликлери жүдә кең.

Бирақ бундай ўәкилликлер сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор менен бир қатарда судқа да берилген ҳәм суд оларды жынаят исин суд додалаўы ўақтында әмелге асырады. Жоқарыда болса дәслепки тергеў ўақтында тек ғана судтың ўәкиллигине тийисли болған процессуал ҳәрекетлер көрсетип өтилген. Судья, өз ўәкилликлерин әмелге асырыў арқалы дәслепки тергеўде суд бақлаўын алып барады.

Суд бақлаўы жынаят процессиндеги орайлық процессуал мәселелердиң бири болып қалмастан, бәлким, дәслепки тергеўдиң сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўши тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын судтан рухсат алады ҳәам бул тергеў ҳәрекети суд бақлаўында болады. Бул болса, өз гезегинде, тергеў ҳәрекетлериниң тосқынлықсыз әмелге асырылыўын кепиллестирип, тергеўшиниң қандайда бир дәрежеде «суд қорғаўында» болыўын тәмийинлейди ҳәм дәслепки тергеў жумысына ҳеш бир шахстың араласыўын жол қоймайды.

Демек, суд бақлаўы, өз гезегинде, дәслепки тергеўде нызамлылықтың жәнеде тәмийинлениўине унамлы тәсир етип, жынаят исин жүритип атырған тергеўшиниң процессуал статусын жоқарылатады. Лекин, суд бақлаўы барлық тергеў ҳәрекетлерине емес, тек ғана пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши жәнe мәжбүрлеў характерине ийе тергеў ҳәрекетлерине қолланылады.

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы бир-бирин толтырып турыўшы жынаят-процессуал элементлер болып, олардың ҳәр бири дәслепки тергеў даўамында өзине тән әҳмийетлиликке ийе саналады. Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы төмендеги өз-ара ҳуқықый қатнасықларға ийе: а) дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы суд бақлаўына салыстырғанда кеңирек ўәкилликлерге ийе, себеби, прокурор бақлаўы дәслепки тергеўдиң үстинен басшылықты әмелге асырады; б) суд бақлаўы прокурор бақлаўынан техникалық тәреплери менен ажыралып

турады, яғный, суд дәслепки тергеўдеги процессуал мәселелерди тергеўшиниң усыныс арқалы әмелге асырса, прокурор бақлаўы ушын тергеўши усынысының кереги жоқ; в) прокурор дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўшини алмастырыўы ямаса жынаят исин өз жүритиўине алыўы мүмкин, суд болса бундай ўәкилликке ийе емес; г) дәслепки тергеўде суд бақлаўы да, прокурор бақлаўы да бир мақсетке – пуқараларлың конституцияда ҳәм бака нызамларда көрсетилген ҳуқық ҳәм мәплерин, сондай-ақ еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған.

Солай етип, дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы жынаят процессиниң бир-бирин толтырыўшы ҳәм ажыралмас элементлеринен болып табылады. Өз гезегинеде, бақлаўды әмелге асрып атырған прокурор да, суд та жынаят исиниң нәтийжеси ҳәм қабыл етилетуғын шешимлердиң нызамлылығына, әдәлатлылығына ҳәм тийкарланғанлығына бирдей жуўапкер есапланады.

Демек, суд бақлаўы, өз гезегинде, дәслепки тергеўде нызамлылықтың жәнеде тәмийинлениўине унамлы тәсир етип, жынаят исин жүритип атырған тергеўшиниң процессуал статусын жоқарылатады. Лекин, суд бақлаўы барлық тергеў ҳәрекетлерине емес, тек ғана пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши және мәжбүрлеў характерине ийе тергеў ҳәрекетлерине қолланылады.

## Жуўмақлаў

Суд бақлаўы – улыўма юрисдикция судларында әдил судлаўды әмелге асырыўдың айырықша ҳәм ғәрезсиз түсге ийе тараўы болып табылады. Суд ис-хызметиниң өзине тән тараўы сыпатында, суд бақлаўы узақ ўақыт даўамында тек ғана пуқаралық судлаў ислерин жүритиўдиң предмети болып есапланған. Ҳуқықый илим-пән теориясында улыўма юрисдикция судларының ғарезсиз процессуал ҳәрекети сыпатында бир жақлама түсинилип, оның мазмуны пуқаралардың сайлаў ҳуқықларының бузылыўлары бойынша жолланған шикаятларды тексериў менен байланыслы судтың әмелий ис-хызмети, салықлар тийкарында неустойкаларды өндириў юбойынша ислер, ҳәкимшилик органларынын нызамға қарсы ис-ҳәрекетлери тийкарында келип түскен шикаятлар бойынша ислер ҳ.т.б.лардан ибарат болған.

Суд бақлаўы жынаят процесси болсын яки пуқаралық процесси болсын, оның барлық көринисисуд алдында турган анық ўазыйпаларды шешиў менен байланыслыдур, ҳәм, оларды әмелге асырыўға болған талап суд бақлаўын еледе жетилистириўди талап етеди. Буннан келип шығып айтыў мүмкин, суд бақлаўы тәреплер ортасындағы тартысларды нызамлы, әдәлатлы ҳәм тийкарлы шешиўде айрықша орын ийелейди.

Анаў яки мынаў түрдеги суд бақлаўының тийкарғы мақсети, бул шахсты оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, мәмлекетте нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртипти беккемлеўге хызмет қылады. Яғный  ҳәм әдил судлаў ҳәм бақлаў ис-хызметиниң тийкарғы бағдары бул ҳуқықты қорғаў функциясы болып саналады. Суд бақлаўының мазмуны суд тәрепинен айырым мәселелер бойынша истиң фактик ҳалатларын үйренип, өз ишки исенимине таянып шешиў ушын тийкар болатуғын тийисли процессуал қарарлар қабыл етиўден ибарат.

Улыўма алғанда, суд бақлаўы суд тәрепинен белгили бир процессуал формаларға тийкарланып әмелге асырылады. Суд бақлаўы тек ғана суд тәрепинен әмелге асырылып, оның нәтийжелери ҳәм жуўмақлары тийкарында қабыл етилген ҳүжжетлер мәжбүрий тәртипте орынланады. Бул болса, өз гезегинде, ҳәкимияттың ғәрезсиз тараўы есаплланған суд тараўының жәмийет ҳәм мәмлекет турмысында айрықша әҳмийетке ийе екенлигинен дерек береди.

Жынаят-процессуал нызамшылығы бойынша, суд дәслепки тергеў ўақтында төмендеги процессуал ҳәрекетлерди қоллаў ҳәм барысын бақлап барыў судтың ўәкиллигине тийисли:

- процессуал мәжбүрлеў шарасы болған услап турыўдың 72 саатлық мүддети питкеннен соң тергеўшиниң илтимаснамасына муўапық 48 саатқа шекем созыў;

- қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын тергеўшиниң прокурор разы болған илтимаснамасына муўапық көрип шығыў ҳәм қолланыў;

- жетерли тийкарлар бар болған жағдайларда айыпланыўшыны, судланыўшыны лаўазымынан шетлеттириў;

- шахсты медициналық мекемеге жайластырыў;

- амнистия актин қоллаў ушын тийкарлар бар болған жағдайда, сорастырыўшы, тергеўшиниң тергеўге шекем өткерилген тексериў материалларын ямаса жынаят исин қайсы шахсқа қарата амнистия актин қоллаў ҳаққындағы мәселе көрилип атырған болса, сол шахстың, гүман қылыныўшының, айыпланыўшышың арзасы ҳәмде амнистия актине муўапық жынаят исин қозғатыўдан бас тартыў ҳаққында ямаса жынаят исин тамамлаў ҳаққындағы илтимаснамасын көрип шығады.

Әлбетте, судтың жынаят исин жүритиў ўақтындағы ўәкилликлери жоқарыдағылар менен шекленип қоймайды, судтың ўәкилликлери жүдә кең. Бирақ бундай ўәкилликлер сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор менен

бир қатарда судқа да берилген ҳәм суд оларды жынаят исин суд додалаўы ўақтында әмелге асырады. Жоқарыда болса дәслепки тергеў ўақтында тек ғана судтың ўәкиллигине тийисли болған процессуал ҳәрекетлер көрсетип өтилген. Судья, өз ўәкилликлерин әмелге асырыў арқалы дәслепки тергеўде суд бақлаўын алып барады.

Суд бақлаўы жынаят процессиндеги орайлық процессуал мәселелердиң бири болып қалмастан, бәлким, дәслепки тергеўдиң сыпатлы, анық ҳәм тез әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўши тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын судтан рухсат алады ҳәам бул тергеў ҳәрекети суд бақлаўында болады. Бул болса, өз гезегинде, тергеў ҳәрекетлериниң тосқынлықсыз әмелге асырылыўын кепиллестирип, тергеўшиниң қандайда бир дәрежеде «суд қорғаўында» болыўын тәмийинлейди ҳәм дәслепки тергеў жумысына ҳеш бир шахстың араласыўын жол қоймайды.

Демек, суд бақлаўы, өз гезегинде, дәслепки тергеўде нызамлылықтың жәнеде тәмийинлениўине унамлы тәсир етип, жынаят исин жүритип атырған тергеўшиниң процессуал статусын жоқарылатады. Лекин, суд бақлаўы барлық тергеў ҳәрекетлерине емес, тек ғана пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши жәнe мәжбүрлеў характерине ийе тергеў ҳәрекетлерине қолланылады.

Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы бир-бирин толтырып турыўшы жынаят-процессуал элементлер болып, олардың ҳәр бири дәслепки тергеў даўамында өзине тән әҳмийетлиликке ийе саналады. Дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы төмендеги өз-ара ҳуқықый қатнасықларға ийе: а) дәслепки тергеўде прокурор бақлаўы суд бақлаўына салыстырғанда кеңирек ўәкилликлерге ийе, себеби, прокурор бақлаўы дәслепки тергеўдиң үстинен басшылықты әмелге асырады; б) суд бақлаўы прокурор бақлаўынан техникалық тәреплери менен ажыралып турады, яғный, суд дәслепки тергеўдеги процессуал мәселелерди

тергеўшиниң усыныс арқалы әмелге асырса, прокурор бақлаўы ушын тергеўши усынысының кереги жоқ; в) прокурор дәслепки тергеўди алып барып атырған тергеўшини алмастырыўы ямаса жынаят исин өз жүритиўине алыўы мүмкин, суд болса бундай ўәкилликке ийе емес; г) дәслепки тергеўде суд бақлаўы да, прокурор бақлаўы да бир мақсетке – пуқараларлың конституцияда ҳәм бака нызамларда көрсетилген ҳуқық ҳәм мәплерин, сондай-ақ еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған.

Солай етип, дәслепки тергеўде суд бақлаўы ҳәм прокурор бақлаўы жынаят процессиниң бир-бирин толтырыўшы ҳәм ажыралмас элементлеринен болып табылады. Өз гезегинеде, бақлаўды әмелге асрып атырған прокурор да, суд та жынаят исиниң нәтийжеси ҳәм қабыл етилетуғын шешимлердиң нызамлылығына, әдәлатлылығына ҳәм тийкарланғанлығына бирдей жуўапкер есапланады.

Илимий иске жуўмақлаў сыпатында дәслепки тергеўде суд бақлаўын жетилистириў бойынша келтирилген пикир ҳәм усынысларды келтирип өтиўди мақул таптық.

**Дәслепки тергеўде суд бақлаўының теориялық сыпатламасын анықластырыў мақсетинде жынаят-процессуал ҳуқықы теориясына билдирилген көз-қараслар:**

Жоқарыда келтирип өткенимиздей, суд бақлаўының анық ҳәм толық толық әмелге асырылыўын тәмийинлеў ушын биз биринши гезекте суд бақлаўының анық түсинигин билип алыўымыз керек ҳәм жоқарыдағы алымлардың суд бақлаўы түсиниги бойынша келтирип өткен пикир ҳәм усынысларынан келип шығып, жынаят процессинде суд бақлаўы түсинигин төмендегише талқын етиў мақсетке муўапық: *«Дәслепки тергеўде суд бақлаўы жынаят иси бойынша пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери бойынша жүргизилетуғын, суд рухсаты ҳәм тексериўи формасында әмелге асырылатуғын суд искерлиги болып табылады».*

Суд бақлаў дәслепки тергеўде әмелге асырылатуғын ҳәм дәслепки тергеў сыпатын тәмийинлеўге хызмет қылатуғын суд искерлиги болып табылады. Суд, дәслепки тергеўде пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери үситнен нызамлылық талапларының сақланыўын тәмийинлей отырып, өз ўәкилликлерин әмелге асырады. Бул жол арқалы суд ҳәкимияты ҳақыйқый ғәрезсизлигин қолға киргизип барады.

## Өзбекстан Республикасының әмелдеги Жынаят-процессуал кодексине келтирилген усыныслар:

Өзбекстан Республикасының әмелдеги жынаят-процессуал нызамшылығында «Тергеў ҳәрекетлери» түсиниги бирнеше мәртебе ушырасқанына қарамастан, нызамда оның легал (нызамлы) түсиндирмеси өз сәўлелениўин таппаған. Лекин, тергеў ҳәрекетлериниң улыўма түсиниги ҳаққында жынаят-процессуал ҳуқықы теориясында юрист-алымларымыз тәрепинен айрымы пикир ҳәм усынıслар келтирип өтилген. Тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыў туўрыдан-туўры дәлиллерди топлаў ҳәм билиў менен байланыслы, деген жуўмаққа келиў мүмкин.

Жынаят иси бойынша дәлиллерди топлаў дәлиллеў премети есапланатуғын жынаят иси ҳалатларын анықлаўға қаратылған болыўы лазым. Демек, тергеў ҳәрекетлериниң ең тийкарғы мақсети дәлиллерди топлаў ҳәм жынаят иси бойынша ҳақыйқатлықты анықлаў. Лекин, жынаят-процессуал нызамшылықта тергеў ҳәрекетлеринин анық түсиниги келтирип өтилмеген. Сонлықтан, дәслепки тергеўдиң процессуал статусын жетилистириў ҳәм жынаят-процессуал нызамшыллыққа анықлық киргизиў мақсетинде Жынаят-процессуал кодексине тергеў түсинигин өзинде жәмлеген $87^1$-статьясын киргизиў мақсетке муўапық:

*«$87^1$-статьясы. Тергеў ҳәрекетлери.*

*Тергеў ҳәрекетлери ис бойынша ҳақыйқатлықты анықлаў мақсетинде сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд ямаса оларға жәрдемши*

*шахслар (эксперт, қәниге) тәрепинен дәлиллерди топлаўға қаратылған процессуал ҳәрекетлер».*

Жынаят-процессуал нызамшылықтың бул статьясына муўапық, көзден кешириў, танып, тексериў ҳәм экспертизаға үлгилер алыў ушын өликти қабирден шығарып алыў зәрүр болған жағдайларда сорастытыўшы, тергеўши бул ҳаққында қарар шығарады ҳәм прокурордың санкциясын алады. Суд эксгумацияны сорастырыў органына ямаса тергеўшиге тапсырыўы мүмкин болып, бул ҳаққында уйғарыў шығарады.

Бул жерде итибар қаратыўымыз лазым болған мәселе, өликти эксгумация қылыў, яғный өликти қәбирден қазып алыў марҳумның жақын туўысқанларына руўхый зыян келтирип, олардың ҳукықларын белгили бир дәрежеде шеклеўи ямаса кемситиўи мүмкин. Бирақ тергеўши ямаса сорастырыўшы бул тергеў ҳәрекетин әмелге асырыў ушын дерлик көпшилик жағдайларда прокурор санкциясы арқалы әмелге асырылады. Әлбетте, суд бул тергеў ҳарекетин әмелге асырыўда белгили бир дәрежеде қатнасыўы, лекин, көпшилик ҳалларда суд процесси даўамында ямаса исти суд тәрепинен қайта тергеўге қайтарылып атырған ўақытларда. Туўры, бул жерде өликти эксгумация қылыў менен байланыслы тергеў ҳәрекетиниң прокурор санкциясы арқалы әмелге асырылыўы оның сыпатына кери тәсир етип атыр, деген пикирден жырақпыз. Лекин, суд бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеўши тергеў ҳәрекетлери үстинен әмелге асырылыўы лазым екенлигин итибарға алсақ, бул тергеў ҳәрекетине рухсат бериў прокурор санкциясы арқалы емес, бәлким, суд рухсаты арқалы әмелге асырылыўы тийис деген пикирдемиз.

Айтып өтилгенлерге тийкарланып, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң XVIII-бабында орын алған 148-статьясын төмендегише өзгертилиўин усыныс етип келтиремиз:

*«148-статья. Өликти эксгумация қылыў.*

*Көзден кешириў, таныл, тексериў ҳәм экспертизаға үлгилер алыў ушын өликти қәбирден шығарып алыў зәрүр болған жағдайларда сорастытыўшы, тергеўши бул ҳаққында қарар шығарады ҳәм илтимаснама келтириў арқалы судтың рухсатнамасын алады. Суд эксгумацияны сорастырыў органына ямаса тергеўшиге тапсырыўы мүмкин болып, бул ҳаққында уйғарыў шығарады».*

Солай етип, дәслепки тергеўде суд бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерини шеклеўши ямаса мәжбүрлеў сыпатына ийе болған тергеў ҳәрекетлери үстинен әмелге асырылады. Бул мәселе жынаят процессинде ҳәзирге шекем әҳмийетли ҳәм тартыслы мәселелердиң бири болып есапланып, еледе жетилистириўди талап етеди.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР.

## I. БАСШЫЛЫҚҚА АЛЫНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Каримов И.А. Адолат - қонун устиворлигида // Ўзбекистон Республикаси Президентининг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг II чақириқ VI сессиясидаги маърузаси. – Газ: Халқ сўзи. 2001 йил 30 август.

2. Каримов И.А. Инсон манфаатларини таъминлаш, ижтимоий ҳимоя тизимини такомиллаштириш – устивор вазифамиздир // Ўзбекистон Республикаси Президентининг Ўзбекистон Республикаси Конститутциясининг 14 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. 2006 йил 7 декабрь. –Т.: Ўзбекистон, 2007.

3. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

4. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиздир. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

5. Каримов И.А. “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси” / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрдаги қўшма мажлисидаги сўзлаган маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 13 ноябр. №220(5135).

6. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

7. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012.

8. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош

мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

## II. ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲҮЖЖЕТЛЕР

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: «Ўзбекистон», 2012.

2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. - Нөкис: «Билим», 2005.

3. Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2012.

4. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2012.

5. Ўзбекистон Республикаси «Судлар тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. 2001. №1-2.

6. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг «Гумон қилинувчи ва айбланувчини ҳимоя ҳуқуқи билан таъминлашга оид қонунларни қўллаш бўйича суд амалиёти тўғрисида»ги 2003 йил 19 декабрдаги 17-сонли қарори.

7. Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами. 1991-2006 йй. // Н.З.Тошматовнинг умумий таҳрири остида Чоп этилди. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий Суди, 2007.

## III. АРНАЎЛЫ ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абдумажидов Г. Проблемы совершенствования предварительного расследования / Под. отв. ред. И.Ф.Крылова. – Т.: Фан, 1975.

2. Абдумажидов Г. Расследование преступлений (процессуально-правовое исследование). –Т.: Ўзбекистон, 1986.

3. Адвокатская деятельность в Республике Узбекистан: Учебник. В 2-х т. Т.2. / Отв. ред. М.Х.Рустамбаев, Л.Б.Хван; Мин-во юстиции Республики Узбекистан, ТГЮИ. – Т.: Konsauditinform-nashr, 2006.

4. Астанова Л. Жиноят процесси ва шахснинг ҳуқуқий мавқеи: ўқув қўлланма. – Т.: Шарқ, 1997.

5. Ахпанов А.Н. Проблемы уголовно-процессуального принуждения в стадии предварительного расследования. – Алматы: Жеті – Жарғы, 1997.

6. Белезоров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий: учебное пособие. – М.: Изд-во МГУ, 1990.

7. Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997.

8. Володина Л.М. Механизм защиты личности в уголовном процессе. – Тюмень: Изд-во Тюмен. гос. ун-та, 1999.

9. Володина Л.М., Сидорова Н.В. Уголовный процесс: учебное пособие. 2-изд., исп. и доп. – Тюмень: Изд-во Тюменского гос. университета, 2007.

10. Громов Н.А. Уголовный процесс: Учебное пособие. – М.: Юристъ, 1998.

11. Давлетов А.Д. Прокурорский надзор: учебник. – Нукус. «Билим», 1999.

12. Дониёров М.А. Фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар (қарорлар) устидан берилган ариза ва шикоятларни судда кўришнинг процессуал ҳусусиятлари.-Т.: “NIHOL”,2007

13. Жиноят процесси: дарслик. Умумий қисм. / З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2008..

14. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври // Муаллифлар: А.А.Полвон-зада., Ғ.А.Абдумажидов ва б. – Т.: Адолат, 2002.- Б. 35.

15. Звягинцева Л.М., Плюхина М.А., Решетникова И.В. Доказывание в судебной практике по гражданским делам: Учебно-практическое пособие. – М.: НОРМА, 2000.

16. Зинатуллин З.З., Салахов М.Б., Чулюкин Л.Д. Подследственность уголовных дел. – Казань: Изд-во Казанского университета, 1986.

17. Зокиров Х.А. Одил судлов ҳуқуқий маданиятини юксалтиришнинг назарий муаммолари / Масъул муҳаррир У.Таджиханов. – Т.: ИИВ Академияси, 1998.

18. Зокиров Х.А. Судебная власть и правовая культура. – Т.: ТГЮИ, 1997.

19. Зорин Г.А. Теоритические основы криминалистики. – Минск: Амалфия, 2000.

20. Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процессида суд назорати концепцияси / Маъсул муҳаррир: Ғ.А.Абдумажидов-Ўзбекистон Республикаси фан арбоби, юридик фанлари доктори, профессор.-Т.: ТДЮИ, 2006

21. Иноғомжонова З.Ф., Иноғомжонова И.Т. Инсон ҳуқуқлари Умумжаҳон декларацияси ва жиноят процессида айбсизлик презумпцияси / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009.

22. Кириллова Н.П. Суд присяжных и мировой опыт.- СПб.: Норма-информ, 1998.

23. Ленский А.В., Трубникова Т.В., Якимович Ю.К. Дифференциация уголовного процесса / Под.общ. ред. Проф. М.К.Свиридова. – М.: Экономическое образование, 2000.

24. Мадалиев О.М. Жиноят ишларини биринчи инстанция судларида кўрилишида прокурор иштироки. – Тошкент: ТДЮИ, 2005.

25. Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2001. – Б. 24.

26. Организация деятельности судов: учебник. / Под общ. ред. В.И.Лебедева. – М.: Норма, 2008.

27. Пособие для следователя: расследование преступлений повышенной общественной опасности. – М.: Изд-во «Лига-разум», 1999.

28. Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати: дарслик / Б.Х.Пўлатов; масъул муҳаррирлар: Т.А.Умаров, А.Т.Алламуратов ва бошқ. – Т.: «O'zbekiston», 2009.

29. Саломов Б. Жиноят ишларида адвокатнинг иштироки. – Т.: Адолат, 2007.

30. Селиванов Н.Л. Руководство для следователя: учебное пособие. – М.: ИПК «Лига Разума», 1997.

31. Тулаганова Г.З. Жиноят процессида мажбурлов ва унинг ўзига хос хусусиятлари: монография. / ю.ф.д., проф. Ғ.Абдумажидовнинг таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2009.

32. Тухташева У. Жиноят процессида апелляция: ўқув қўлланма. / М.Ҳ.Рустамбоевнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2004.

33. Уголовный процесс: (Общая часть): Учебник для вузов / Под ред. Е.Н.Никифоровой. – Т.: «Адолат», 2000.

34. Уголовный процесс: Общая часть. Учебное пособие. / Автор-сост.: к.ю.н. У.А.Тухташева. – Т.: ТГЮИ, 2007.

35. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.

36. Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.А.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009.

37. Хабибуллаев Д.Ю. Фуқаролик процессуал ҳуқуқининг тамойиллари ва уларни суд амалиётида тадбиқ этиш муаммолари. Монография // ю.ф.д., проф. Ш.Ш.Шораҳмедовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ. 2008.

38. Шейфер С.А. Следственные действия: система и процессуальная форма. 2-е изд. испр. и доп. – М.: Юрлитинформ, 2001.

## IV. ИЛИМИЙ МАҚАЛАЛАР ҲӘМ ТЕЗИСЛАР

1. Изотова О. Обжалование в суд следственных действий // Законность. – М., 1996. -№8. –Б. 46.

2. Иноғомжонова З.Ф., Мамадиев С.Н. Шикоят жиноят процессига суд назоратининг кирип келишининг воситаси сифатида // «Ўзбекистон Республикаси Конституцияси жиноят-процессуал қонунининг ҳуқуқий асоси сифатида» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари. – Тошкент, ТДЮИ, 2009. – Б.5

3. Исмоилов Д. Жиноят процессида тергов ҳаракати ва суд назорати // «Жиноят ҳуқуқий фанларнинг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2011. – Б. 78-79 ҳ.т.б.

4. Колоколов Н.А. Судебный контроль в стадии предварительного расследования: реальность и перспективы. // Государство и право. – М., 1998. №3. –Б. 31-39

5. Мамадиев С.Н. Жиноят процессининг судгача босқичларида шикоят ҳақида айрим мулоҳазалар // «Жиноят ҳуқуки ва жиноят процнссининг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 209. – Б. 21-29 ҳ.т.б.

6. Рахманова С.М., Ҳидоятов Б.Б. Возможности обеспечения полноты предварительного следствия на судебной стадии как важнее условие расширения полномочия суда // «Суд-ҳуқуқ ислоҳотлари: ҳозирги ҳолати ва такомиллаштириш истиқболлари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2007.- Б. 80-84.ва б.

7. Тарихов К. Өзбекстан Республикасында суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм олардың әҳмийети // «Пуқаралық жәмийет қурыўда демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийети» атамасындағы Республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. – Нөкис: ҚМУ, 2011. – Б. 41

8. Тулаганова Г.З. Тергов ҳаракатлари ва мажбурлов // Адвокат. 2007. 2-сон. – Б. 14-17.

9. Шодиев Ғ. Жиноят процессида суд назорати: тушунчаси, турлари. // Фан ва Ёшлар. 3-2008. Махсус сон. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 191-192.

10. Шодиев Ғ. Суд назорати ва уни амалга ошириш шакллари, мазмуни ва моҳияти // ТДЮИ Ахборотномаси. – Тошкент, 2008. 4-сон. – Б. 78-79

11. Шодиев Ғ. Судгача иш юритиш босқичида суд назорати: тушунчаси ва мазмуни. // ТДЮИ Ахборотномаси. 1-сон. 2009. – Т.:ТДЮИ. –Б. 103.

12. Шодиев Ғ. Фуқароларнинг ҳуқук ва эркинликларини чекловчи тергов ҳаракатлари қонунийлиги ва асослилиги устидан суд назоратини амалга ошириш тартиби // «Жиноят ҳуқуки ва жиноят процнссининг долзарб муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 209. – Б. 91-98

## V. ДИССЕРТАЦИЯ ҲӘМ АВТОРЕФЕРАТЛАР

1. Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процессида суд назорати ва уни тадқиқ этиш муаммолари: юрид… фанл… докт… дисс. – Т., 2006. – Б. 27-31.

2. Ляхов Ю.А.Сущность и тенденции развития уголовно-процессуальной политики: автореф… дисс…докт…юрид… наук. – М., 1994. – Б. 34

3. Солодилов А.В. Судебный контроль за проведением следственных действий и решениями прокурора и органов расследования, ограничиваюшие конституционные права и свобод граждан в уголовном процессе России: дисс… канд… юрид… наук. – М., 1998. – Б. 25.